ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ
ЎӘЗИРЛИГИ
АЖИНИЯЗ АТЫНДАГЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТИ

МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ҲӘМ БАСЛАЎЫШ ТӘЛИМ
МЕТОДИКАСЫ КАФЕДРАСЫ

ЛЕКЦИЯ ТЕКСТИ

# Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбияның раўыжланыў тарийхы

Лектор Р. Алеуова

Тема 1. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбияның раўажланыўын тарийхый ҳәм тарийхый-педагогик изертлеўдиң ўазыйпалар.

Жобасы.

1. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбияның раўажланыў тарийхынан.
2. Мектепке шекемги тәрбия ҳәм тәлимниң мазмуны.
3. Тәрбияның жәмийетлик өмир менен байланысы.

Қарақалпақ халқы әййемги халықлардың бири Орайлық Азияның бай мәдений мийрасларының дөретиўшиси. Оның көп әсирлик тарийхы кейинги жылларда кең илимий изертлеўдиң объектине айланды.

Революциядан кейинги Тркистанда болған тарийхый өзгерислер қарақалпақ мәмлекети қәлиплесиўи ҳәм пайда болыўына тийкар салған. Туркистан АССР орайлық атқарыў камитети 10 октябрь 1920 ж қарар етти. Амиўдарья бөлимин бурынғы территориясы көлеминде Амиўдарья областына өзгертиўди ҳәм орайлық қала етип Төрткуль қаласын белгиледи.

27 октябрьде СССР орайлық аткарыў комитети сессиясы Қарақалпақ Автоном областын Казах АССР қурамуна өзгертиў шешимин қабыл етти.

1925 ж апрельде V Путкил Казахстан съезди Советинде ККАО Казах АССР қурамына кириўди нызамлады.

1930 ж июлде ККАО РСФСР қурамына өтип кетти.

Қарақалпақ област комитети ККобластын ККАССР етип өзгертиў идеясы менен шықты.

Q932ж 20 марта ОАК президиумы ККО ККАССР өзгертиў қабыл етти.

Биринши мектеплер Қарақалпақстанда пухаралық урысы дәўиринде пайда болды.

Q922ж 19 мектеп ҳәм 9 балалар уйлер бар еди. Халық билимин шөлкемлестириўди Х.Мазитов, Е.Кожуров, Ю.Ахмедов, Х.Салимов, К.Авезов, Х.Х. Хамза ҳ.б. басшылық еткен.

Көп итибар бериўге қарамастан мектептиң қәлиплесиўи қыйын болды. Муғаллим кадрлар жетиспеди. Оларды таярлаў темпы мектептиң раўыжланыўынан артта қалған еди. Мектепке шекемги тәрбия жасындағы балалардың көпшилиги улыўма тәлимге тартылмаған. Бул қыйыншылықларды жеңе отырып, халық билимлендириўи өсе баслады, мектеплер беккемленди, жылдан жылға оқыўшылардың контингенти өсип барды.

1925 ж февральда Төрткуль қаласында педагогикалық техникум ашылды. Бул жергиликли халық арасынан муғаллим таярлайтуғын биринши орта педагогикалық оқыў орны еди.

Орта Азия халықларының ертедеги әўладлары саналатуғын көшпели скиф, сак ҳәм массагет қәўимлериниң күтә ерте замандағы адамшылық жәмийетиниң қәлиплесиў жағдайлары Орта Азияның тәбиий ҳәм тарийхый басып өткен дәўирлери менентығыз байланыслылыққа ийе. Сонлықтан усы аймақларда жасаған халықлардың бурынғы әўладларының тарийхы, әсиресе әййемги палеолит дәўириндеги падашылық турмыста өмир сурген питекантроплар менен синантроплар, падашылық турмыстың ақырындағы неандерталлар, соңғы ямаса жоқарғы палеолит заманында, дәстлепки матриархат дүзиминде тиришилик еткен, инсанның ҳәзирги физикалық дүзилисиндеги кроманьонлар, мезолит, неолит, бронза, темир дәўириндеги раўажланған руўлық дүзими адамларының турмыс кешириў жағдайлары бир-бирине оғада өтлесип кеткен.

Маймылдың адамға айланыў процессиниң миндалға (муз басқынына шекемги ҳәм муз басқыны дәўиринде, бундан 800 мың жыл бурын) шекемги ҳәм миндал дәўиринде тиришилик еткен питекантроплар, падашылық турмыста жасаған ярым ҳайўанлар болып, мийнет етиўшилиги мәлим дәрежеде ҳайўанлық примитив инстинктлик формаларды сақлап қалған еди. Санасы, пикир жүргизиўлери, ақыл түсиниклери усы раўажланыў

басқышында болып олардағы саналылық бир тәрептен таза түриндеги паданың санасы еди, екинши тәрептен сана олар ушын инстинкт ўазыйпасын атқарды. Олардың инстинкти сана араласқан инстинкт еди.

Әййемги питекантроп, синантропларға қурал ислеў ушын хызмет қылған баҳалы материал галек ҳәм қаттылығы, жуқа қабыршақларға бөлиниўшилиги, кескир жүзлери болыўшылығы менен мәдений тарийхында улкен роль ойнаған шақпақ тас болды. Олар дөреткен тас қуралларының таңы эолит дәуирине жататуғын бул әсбаплар Орта Азияда Батыс Пенжабтан табылды.

Бул әййемги қәуимлик жәмийетте тәрбия бурыннан бар дәстурлик бағдарғаийе болды. Барлық балалар жынысына қарай, қәуим жәмәәтиниң мақсетинесай жәнe өзгешелити стихиялы түрде инабатқа алынған ҳалда, тийкарынан бир қыйлы тәрбия алды. Тәрбия балалардың турмыс тиришилигиниң айырылмас бөлеги болып, дәстлебинде оларды келешекке тәрбиялаў деп емес ал жасаў ушын зәрур көнликпелер бериў деп қараған. Тәрбия ҳәрбир баланың тиришилик турмысына сай берилип,тийкарғы куш ондағы жеке уқыпты раўажландырыўға, тәрбияның балалар тәбиятына сай жүргизилиўине қаратылды. Кәуимлик тусиник дәрежесине бола тәрбия баланы жаңалаў ушын берилди. Булардың барлығы ўақыттың өтиўи менен жәмленип әййемги қәуимлик жәмийеттеги тәрбияның пайдалы тәсирлилигин, нәтийжелилигин ҳасыл етти, оны сапалы мазмунға еристирип барды.

Бир неше мыңжыллық турмыс тәжирийбелери нәтийжесинде питекантропларда тас ҳәм таяқты бурынғыдан да ықшам, қолайлы етип оңлап пайдаланыў көнликпеси жетилисти. Усылай етип ҳайўанлық инстинктке, эволюциялық раўажланыўға мийнет тәжирийбелеринен топланған билим қосылып, мәлим мақсетке бағдарланған мийнет процессиниң жақсыланыўын нәзерде услаған қурал соғыў жүзеге келди. Адам қолының мийнет органы болыўынан баслап адамның мийи сана органы болып қәлиплесе баслады. Инсандағы эволюциялық барысты тезлетип қәлиплестирип шығарыўға қосымша себепши болған мийнет усы оғада әпиўайы қуралларды соғыў процессинен басланған.

Элементар тәрбиялық ислердиң ҳәм күтә минез-қулық тәртиплериниң қәлиплесиўинде тәбиятты нағыз ҳайўанларша түсинген дәстлепки бул адамлардың хызметин пүткиллей бийкарлаўда, оларды ең дәстлепки қәлиплескен тәрбия өлшемлерин дөретиўшилер деп қараў да қыйын. Солай да жасаў ушын мийнет етиўге умтылыў менен байланыслы пайда болып атырған аз да болса тәжирийбе үйретиўшилик ҳәм өрнек алыўшылық қубылыслары әййемги адамшылық жәмийети турмысындағы мийнет талаплары сыпатында жүзеге келип, олардың өз-ара қатнасының тийкарғы тәреплерин тәртипке салыўға себепши болған. Нәтийжеде тәрбияның пайда болыўында баслы факторды эволюциялық процесс пенен катар жәмийетлик тәжирийбе менен өндирип шығарыў тәжирийбеси ийелеп келген. Усылай етип падашылық питекантроплық жәмийетте тәрбия дәслеп түрли аўқатлық затларды қыдырып табыў барысында, тиришилик етиў қуралларын излеўде пайда болған көнликпе ҳәм әдетлерди жас әўладқа үйретиўден басланып отырған.

Мийнет көнликпелери ҳәм адамшылық минез-қулық белгилериниң қәлиплесиўинде олардағы еликлеўшилик инстинкти де әҳмийетли еди.

Эволюциялық раўажланыў жәнe мийнет барысында кем-кем сапалы болып киятырган әййемги адамлар, тәбияттың аяўсыз күшлерине шыдамсыз жас әўладларға набыт болып кетпеслиги ушын арнаўлы күтим қәўендеолик зәриўлигин барған сайын түсиниўгеeристи. Усы шелль, ашелль мәденияты мийнет қуралларына қарап буларды дөретиўши нитекантроп, синантроп адамлар,мәлим дәрежеде логикалық ойлаў, өз тәжирийбелерин жас әўладларға үйретиў уқыбына ийе болғанлығын,өзлериниң мийнет операцияларының нәтийжеси неге алып келетуғынлығын белгили дәрежеде алдынала түсингенлигин байқаймыз. Себебеи мийнет процесси бәрқулла ойлаў менен байланыслы. Ойлаў мененбайланыслы жүзеге келген мийнет процесси өз үйрениўшилиги жетилистириў ҳәм нәтийжесин басқаларға әсиресе тәжирийбеси аз жасларға үйретиў

менен тығыз байланыслы. Буның үстине адамлардың тәбиятында мәлим дәрежеде басқалардың әдеп-икрамлыққа үйретиуге инстинктлик умтылыўшылықта> орын алған.

Әййемги падашылық турмыста өмир сүрип атырған адамлардың тәрбияланып шығыўында балалар ойыны улкен хызмет еткени мәлим. Балалар ойынының ойыншығының пайда болыўы әййемги кәўимлик адамлардың балаларының пайда болыўы менен бирге жүзеге келген.

Ойын ойнаў күтә ерте дәўирден бар кубылыс. Бизмаймыл, ийт, пышық т.б. ҳайўанлардың, балаларының психикасын бақласақ олар тәбияттағы қолайлы, тайын жатырған затларды ойыншық орнында пайдаланып бир нәрселерди айландырып, түрткишлеп ойнайды. Жер бетинде адам түри қәлиплесип жетилисемен дегенше ойыншық ушын қолайлы, тайын жатырған затлар көп еди. Адам перзентлери де дәслепки қәлиплесиў барысында балалық дәўириндеги ойынларында тәбияттағы усы затлардан пайдаланған. Ҳайўанлар ойыншықты таза зоологиялық инстинкт пенен ойнаса, эволюциялық барыс жүрип атырған дәслепки адам балалары санасының қәлиплесиў дәрежесине қарай инстинктине сана араласқан түрде ойнаған. Усылай етип ойыншық, ойын бурыннан бар дәстүр сыпатында адам баласының ең дәслепки дәўиринен-ақ олардың тәрбиясына қатнасып, биргеликте қәлиплесип келе баслаған. Ойыншық әсиресе қуўыршақ ол адамлардағы сезимниң затқа айналыўы ҳәм тәбияттың жанлы адамға айналыўы еди. Ойыншықтың усыеки тәрепи балада белгили дәрежеде адамшылық сезимди жетилистириўде, улыўма оны адам етип қәлиплестириўде тәрбиялық ўазыйпаны да атқарған.

Балалардың ойыны ҳәм ойыншығы ересеклердиң де дыққатын тартқан. Мийнет ҳәм оның тек балалар турмысында ғана емес, ал әййемги ересек адамлар турмысында да бир-биринен айрықша шегараланбаған.

Әййемги балалар менен ересек адамлардың пикир дүньясы оғада уқсас, тек азғана айырмашылық өзгешеликке ийе еди. Әййемги адамлардың ойлаўы балалардың ойлаў дәрежесинен аз парық қылған. Олар өз-ара мақул түскен бир пикирге жийи дуўшакерлескен. Усы себепли олардың пикирлеў дүньясы өз-ара жақын болып, қәўим өз балаларын, ал балалар ересеклерди тез түсинген. Ересеклердиң мийнет ислеў барысы балалардың түсинигине жақын еди.

Тәрбиялық ислер менен әдеп-икрамлық инстинкт ҳәм көнликпелер белгили дәрежеде биологиялық тийкарға ийе болған менен бул адамлардың жәмийетлик турмыс шәриятында ғана әмелге асатуғын қубылыс. Тәрбияның әдеп-икрамлық мазмуныҮ ар-уятты билиў, қәтешилигине өкиниў, қысыныў, миннет, ҳуждан т.б. булар ҳайўан маймыллардан мийрас болып келген менен адамлардың жәмийетлик қатнасы нәтийжесинде жетилискен минез-қулық айырмашылықлары бола баслады. Усылай етип Орта Азия ҳәм Қазақстандағы Пенжаб, Еарын, Бөриқазған, Аққөл, Тәңирқазған, Қотырбулақ, Сел-үңгир, Аман-қутан т.б. орынларда шелль ҳәм ашель дәўиринде адам ҳәм тәбият ортасындағы қатнаста мийнет қуралы жүзеге келип, оларды ислетиў, мийнет қуралларын соғыў ўазыйпасы пайда болғанда, үлкен әўладлар өзлериндеги мийнет тәжирийбелерин, турмыстан түйгенлерин ҳәм жетилистирген уқып, көнликпелерин киши әўладларға бериў зәрурлиги туўылған дәўир-мучстьерге шекемги мәдeният тусында тәрбия кубылыслары аз да болса және де толықтырылып даўам ете баслаған. Бирақ әййемги адамлардың өз-ара бир-бири менен әдеп-икрамлық қарым-қатнаслары абстракт характерде болып, өндирип шығарыўдың төмен дәрежеделигинен әййемги жәмийеттиң көп дәўирине шекем инсанлардың өз әўладларына минез-қулық тәрбиясын бериўи, турмыс ҳаққындағы тәжирийбелик мағлыўматлары мененбиргеалып барылған.

Адамлардағы қәлиплесе баслаған әдеп-икрамлылдық минез-қулықты сақлап, услап турыўшы сезим-түсиниклер раўажланыўы жағынан жәмийетлик, турмыслық тийкарларға ийе еди. Жасларды әдалатлылыққа үйретиў, аўқатлық затларды бара-бар бөлистириў үстинде, қәўимлик жәмийеттиң ең дәслепки ўақытларында-ақ пайда бола баслаған. Буның үстине тәртипсизлиги, өткен жынаяты ушын жаза алыўы, оларды әдалатлылыққа

ийтермелеўши күш болды. Қәўим ишиндеги барлық ағзалардың тәбиий теңлигинсездириў мақсетиндеҮ урғаны ушын урыў, қолын сындырғаны ушын қолын сындырыў, өлтиргени ушын өлтириў т.б. шаралар қолланылды.

Адамлар арасындағы тиришилик талап еткен өз-ара жәрдемлесиў, устамлы-парасатлылық, мийнеткешлик, ҳәрнәрсеге уқыплылық, өз қәўимине қайырқомлылық т.б. унамлы ислер көпшилик тәрепинен қуўатланылып, хошеметлеў секилин ийеледи. Инсанлардағы жәмәәтке пайдалы болыў ҳәм өзине де пайда келтириў бәрқулла қайталанып отырылыўынәтийжесинде әдеп- икрамлылық әдетине айналып кеткен, бунық үстине бул әдетлер үлкен әўладлардан киши әўладларға үйретилиў,талап етилиў жолы менен әўладтан-әўладка өтип, дәстурге айналыў белгилерн ийелей баслаған.

Падашылық турмыстағы адамлар күнделикли ислернде турмыс талабына, жәмийетлик қызығыўшылығына сәйкес келетуғын айырым әдеп-икрамлық әдетлерди улыўмаластырып отырды. Ақыбетинде булар өз қәўиминиң ҳәрбир ағзасының орынлаўы шәртесапланған жәмийеттиң талабына айналды. Бул талаплар турмыслық қатнаслар раўажланған сайын мазмун жағынан жетилисип отырды ҳәм әдеп-икрамлық миннет характерин ийеледи. Миннет тарийхый келип шығыўы ҳәм логикасы жағынан әдеп-икрамлық түсиниги менен байланыслыққа ийе. Миннет мазмуны адамлардың жекке қызығыўшылығын жәмийеттиң қызығыўшылығына бағындырыўында деп түсинилди. Усылай етип қәўимлик жәмийеттиң баянланылып жызылмаған нызамлары, тәрбиялық мақсетлери топлана баслады. Жәмәәт ҳәрбир адамның, әсиресе жаслардың жәмийет талап ететуғын адамшылық миннетлерди орынлаўын бақлап отырды.

Миннет сыртқы нызам, тәртип сыпатында ьалап етилиўи менен бирге индивидке абырай алып келди ҳәм булиндивидтиң өзиниң ишки талап етиўине айналып ҳүждан, ар-намыс сыпатындағы көринислерге ийе бола баслады. Қәўим ағзасының барлық ойлаў тйризине сиңип, кем-кемҳәрбир субъекттиң мақсетине айналыпотырды.

Усылай етип, адамлардағы индивидуаль әдеп-икрамлық ҳәм өзин-өзи түсиниў саналығының раўажланыўы, тек басқалардағы әдепсизликти ғанаеес,ал өзиндеги әдепсизликти де түсиниўге оның унамсызлығын жек көриўге ерistирди. Нәтийжеде минез-қулық әдебин бәрқулла сақлап турыўшы, оны бузған ўақытта өкинишке түсириўши ҳүждансезимлери жүзеге келе баслады.

Таянш тусиниклер.

Орта Азия халықлары, мийнеттиң пайда болыўы, тилдиң пайда болыўы, әдеп-икрамлық әдетлер, тәрбия, шаңарак қатнаслар, руўлық турмыс, мийнет қураллары.

Тексериў сораўлары.

1. Әййемги қәўимлик тузиминдеги халықлардың жәмийетлик турмысы қандай болған.
2.Әййемги қәўимлик дузиминдеги халықлардың мәдений раўажланыўын айтып бериң.
3. Әййемги қәўимлик дәўирде тәлим-тәрбияның пайда болыўы.
4. Әййемги адамларда тилдиң қандай пайда болған.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Үзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.Үзбекистон 2003 й.
2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик үз куч-қудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд .Т. Үзбекистон 2004.
3. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т. 2005.
4. ҒТәлим түғрисидагиҒ Қонун. Т.- 1997.
5. ҒКадрлар таййорлаш миллий дастури Ғ Т.- 1997.
6.И.Каримов. Баркамол авлод орзуси.-Т. 1998.
7. П.Юсупова Мактабгача тарбия педагогикаси.- Т. 1993.
8. Алеўов Ў. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. Билим. 1993.
10. Зуннунов А. Педагогика тарийхы Т. 2002.

Тема 2. Қарақалпақстан Республикасы мектепке шекемги тәрбия дизимин тарийхый уйрениўдиң методологиялық тийкарлары.

Жобасы

1. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларныда миллий тиклениў идеялары..
2. Билимлендириў ҳаққында Нызам.
3. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия концепциясы.
4. Уллы ойшалларымыздың тәлим ҳәм тәрбия ҳаққындағы педагогикалық идеялары.

Халық билимлендириў дизим дегенде анық мақсетти көзлеп жасларға тәлим-тәрбия беретуғын мекемелер тусиниледи.

Ҳәр бир мәмлекет хылық билимлендириў дизиминиң раўажланыўы усы мәмлекетте ислеп шығарыў кушлериниң, ислеп шығарыў қатнасларының раўажланыўына ҳәм жәмийет раўажланыўына тәсир ететуғын жәмийетлик, экономикалық мәселелерге ҳәм миллий өзгешеликке байланыслы болады.

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин халық билимлендириўин раўажландырыў мәселелерине, жетик қәнийге кадрлар тайярлаўға улкен итибар берилмекте. Өзбекстан Конституциясы ҳәм ҳуқимет қарарларына тийкарланған ҳәлда ҳәзирги ўақытта халық билимлендириўиниң төмендеги принциплери қарар табады. Өзбекстан пуқараларының милллетинен, дининен, жынсынан, жәмийетлик әўҳалына қарамастан тәлим алыўға тең ҳуқықлылығы принципи. Бул принцип демократик руҳынан дерек береди.

Ҳәмме мектеп жасындағы жаслар ушын билим алыў мәжбурий екенлиги принципи. Бул принцип жасларымызды мағлыўматлы болыўы, заман талабына жуўап беретуғын илимий билимлерди ийелеў, өмирде өз орнын таба алыўлары ҳаққында мәмлекетимиз ғамҳорлығынан дерек береди.

Барлық тәлим мекемелери мәмлекет ҳәм жәмийетлик өзгешеликке ийе екенлиги принципи. Бул Өзбекстандағы барлық тәлим-тәрбия мекемелери мәмлекет ихтыярында екенлигин, бул шөлкемлерди мәмлекет пул менен тәмийинлеўин көзде тутады. Тәлим-тәрбия мекемелериниң искерлиги мәмлекет тәрепинен басқарылып барылады. Усы сыяқлы тадбирлер мәмлекетти халық тәлими ҳаққындағы сиясатын әмелге асырыў, оқыў-реже ҳәм дәстурлерин бир путин болыўын тәмийинлеў имканиятын береди.

Қайсы тилде оқытыў ата-аналардың қәлеўине байланыслығы принципи. Өз перзентин қайсы тилде оқытыў еркинлиги мәмлекетимиздиң интернациализм, инсансуўийшилик сиясатының жарқын улгиси. Өзбекстанда жасап атырған ҳәр бир миллет ағзасы қәлеген тилде балаларды оқытыў ҳуқуқына ийе. Өзбекстан Республикасы Конституциясының 4 статьясында Республикада мәмлекет тили өзбек тили деп белгиленген. Бирақ буған қарамай, Республика территориясында жасап атырған басқа халықларға ҳурмет пенен қараў, усы тиллердиң раўажланыўына шараят жаратып бериў көзде тутылған.

Тәлимниң бийпуллығы принципи. Конституцияда Республикамыздың ҳәр бир пуқарасының бийпул тәлим алыў ҳуқықы, тәлимниң мәмлекет қараўында екенлеги кәпилленген. Тәлимниң барлық турлери бийпул болыўы мәмлекетимизде және басқа қатар материаллық шаралар менен коллап қуўатланып келинбекте.Мәселен, айырым кем тәмийинленген оқыўшыларды мәмлекетиң өзи тәмийинлеўи, талабаларды стипендия менен тәмийинлеўи ҳәм оларға басқа материаллық жәрдемлер көрсетилиўи сыяқлы Республикада халық билимлендириўин раўажландырыўға тәсир ететуғын факторлардан есапланады. Ҳәзир көпшилик тәлим-тәрбия мекемелеринде балалар мәмлекет есабынан тәрбияланып келинбекте.

Оқыўшыларды ҳәр тәреплеме камал таптырыў, оларды қараўсыз қалмаслықлары ушын материаллық дереги имкан беретуғын мектеплерде куни узайтырылған топарлар дузилген, жетим балалар ушын балалар уйлери, мектеп-интернатлар шөлкемлестирилген.

Тәлимниң илимийлик ҳәм дуньялық принципи. Билимлердиң илимий өзгешелигине ийе болыўы ҳәм бул пән ҳәм техника жетискенликлерин есабқа алған ҳалда бәрҳама өзгериб, жаңаланып барыўы илимийлик принципи делинеди. Өзбекстан территориясында барлық тәлим мекемелеринде дуньялық билимлер бериледи. Бул принципке сөзсиз әмел қылыў балаларға берилетуғын билимлер мазмуны ўақты-ўақты менен қайтадан көрип, өзгертилип турыўды талап етеди.

2. Өзбекстан Республикасының ҒБилимлендириўҒ ҳаққындағы Нызамы (1997ж 29 август) ҒТәлим турлериҒ ҳаққындағы 10 статьясында сондай делинген.

ҒӨзбекстан Республикасында тәлим төмендеги турлерде әмелге асырылады

-мектепке шекемги тәрбия,

-улыўма орта тәлим,

-орта арнаўла, кәсип-өнер тәлими,

-жоқары тәлим,

-жоқары оқыў орнынан кейинги тәлим,

-кадрлар билимин асырыў ҳәм қайта таярлаў,

-мектептен тысқары тәлимҒ.

Мектепке шекемги тәрбия.

Халық билимлендириў дизиминде биринши басқыш-мектепке шекемги тәрбия. Оның тийкарғы ўазыйпасы балаларды саламат ҳәм жетик қылып тәрбиялаў, оларды мектепке ҳәм педагогикалық, ҳәм психологиялық тәрбиялаўдан, олардың жеке қәбилетлерин раўажландырыўдан ибарат. Бул тәлим 6-7 жасқа шекем шаңарак, балалар бақшасында ҳәм басқа тәлим мекемелеринде алып барылады.

Баслаўыш тәлим (I-IV класс).

Улыўма мектеп тәлиминде баслаўаш мектептиң әҳмийети зәрур. Себеби баслаўыш мектеп улыўма орта тәлим алыў ушын зәрур болған билим, оқыў көнликпелери менен қураллантырады.

Улыўма орта тәлим мектеплери (V_IX класс). Улыўма орта тәлим мектеплери орта мағлыўмат алыўын тәмийинлейди. Заманагой билимлер береди. Балалардың пикирлеў қәбилетин өстирип, алған теориялық билимлерин әмелде қоллаўға уйретиледи. Бул болса өз нәўбетинде кәсип таңлаўға бағдарлайды, бир кәсипти ийелеў имканиятын береди.

Орта арнаўлы кәсип-өнер тәлими.

Өзбекстан Республикасында кәсип-өнер тәлиминиң тийкарғы мақсети жасларды мийнет ҳәм кәсип көнликпелерине уйретиў, исши кадрлар таярлаў, олардың уқыплылығын асырыў ҳәм қайта таярлықтан өткизиў. өнер-техника тәлими, уқыплы исшилер таярлаў Республикамыздың орта арнаўлы кәсип-өнер тәлими оқыў орынлары, оқыў ислеп шығарыў, оқыў курс кәрханалары, орайлары ҳәм басқа ислеп шығарыў менен байланыслы болған оқыў мекемелеринде әмелге асырылады. Өзбекстанда халық хажалығы ушын уқыплы кәнийгелер таярлап бериўдеөнер-техника билим орынлары улкен әҳмийетке ийе.

Жоқары тәлим.

Халық билимлендириў дизиминде зәрур орын ийелеп, жәмийетлик ҳәм илимий раўажланыўды белгилеп береди. Халық хожалығы ҳәм мәденияттың турли тараўларын жетик жоқары мағлыўматлы қәнийгелер менен тәмийинлейди. Республикада жоқары тәлим өз ишине университетларды, педагогика, аўыл-хожалығы, медицина, экономика, юридика, политехника ҳәм басқа институтларды қамрап алады. Университетлер жетекши билим орынларынан болып олар тәбиий-математикалық ҳәм жәмийетлик қәнийгелер бойынша жетик кадрлар таярлайды.

Жоқары оқыў орнынан кейинги тәлим. Институт, университетлер ушын жоқары дәрежели илимий кадрлар таярлаўды нәзерде тутады. Бул аспирантура, докторантура арқалы әмелге асырылады. Аспирантурага жоқары мағлыўматлы, илимий-изертлеў ислерине сай шахслар имтихан тапсырып, таңлаў тийкарында қабул қылынады.

Диссертация крағаўынан кейин бундай шахсга пән кандидаты илимий дәрежеси бериледи. Өз тараўында терең излениўлер алып барған, монографиялар жазған ҳәм докторлық диссертациясын қарғаған шахсға пән докторы илимий дәрежеси бериледи.

Мектептен тысқары тәлим. Өзбекстан Республикасы тәлим ҳаққындағы нызамның 10 статьясына тийкарланған балалар ҳәм өспиримлердиң талапларын, тилеклерин толық әмелге асырыў, олардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў мақсетинде мәмлекет мекемелери, турли мулк формаларына ийе болған карханаларЮ жәмәәт шөлкемлери илимий-бәдиий, илимий-тәбиий, техник, спорт ҳәм басқа бағдардағы мектептен тысқары тәлим мекемелир шөлкемлестириўи мумкин.

Мектептен тысқары мекемелердиң тийкарғы ўазыйпасы мектеп пенен биргеликте мектеп жасындағы балаларды бос ўақтын мазмунлы шөлкемлестириў, олардың қәлеўлерине қарап турли дөгерек ислерине тартыў, қәбилетлерин раўажландырыў ҳәм алған бюилимлерин әмелде қоллаўға уйретиўден ибарат. Ҳәзирги Өзбекстан территориясында хызмет көрсетип атырған мектептентысқары мекемелер төмендегилер.

-оқыўшылар сарайлары ҳәм уйлери,

-жас техниклер станциясы,

-жас тәбияттаныўшылар станциясы,

-жас туристлер станциясы ҳәм базалары.

3. Халық билимлендириў дизими деп белгили мәмлекетлер ишки ҳәм сыртқы раўажланыўына классификация бериўши ҳәмде белгили бир қағыйдалар тийкарында шөлкемлестирилгенбарлық тәлим-тәрбия мекемелериниң тизимине айтылады.

Өзбекстанда халық билимлендириў дизими республиканың жәмийетлик-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўының устем тараўы есапланады. Халық билимлендириў дизими Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм Өзбекстан Республикасы мәмлекет ғәрезсизлиги тийкарлары ҳаққындағы Нызамға муўапық шөлкемлестириледи ҳәм бақланып барылады. Республикамыздың конституциясында 18 ҳәм 41 статьяларында көрсетилгениндей барлық пуҳаралар жынсы, миллети, тили, дини, жәмийетлик келиб шығыўы, сыйыныўы, шахсы ҳәм жәмийетлик дәрежесине қарамай билим алыў ҳуқықына ийе. Сондай ақ, пуҳаралардың бийпул улыўма тәлим алыўы мәмлекет тәрепинен кафалатланады. Бул ҳуқық илим алыўдың ҳәмме турлери бийпуллығы, жасларға улыўма мәжбурий орта тәлим бериўди әмелге асырыўды оқытыўды өмир, өнимли мийнет пенен байланыстырыў тийкарында раўажландырыў негизинде усынылады.

ҒБилимлендириўҒ ҳаққындағы Нызамда халық тәлими дизими дузилисиниң бир қанша жаңа қағыйдалары еңгизилген.

1. Тәлим ҳәм тәрбияның инсансуўиўшилиги ҳәмде демократиялығы.

2. Тәлим дизиминиң узликсизлиги ҳәм избе-излиги.

3. Мәмлекет тәлим дизиминиң илимийлиги ҳәм дуньялығы.

4. Тәлимде улыўмаинсаний ҳәм миллий-руўҳый қадириятлардың устемлиги.

5. Мәмлекет тәлим стандартлары қағыйдасында ҳәмме ниң тәлим алыўы ушын имканият жаратылғанлығы.

6. Таянш тәлимниң мәжбурийлиги.

7. Тәлим руўҳый ҳәм физикалық тәрбия дәстурлерин таңлаўға бир оқыў реже ҳәм дәстурлерди тасдыйықлайды.

8. Билимлилик ҳәм таланты хошаметлеў.

9. Тәлим мекемелеринде шет тиллерди уйрениў, дин тарийхы ҳәм дунья мәдenияты тараўында билим алыў ушын шараятлар жаратыў.

10. Тәлим мекемелериниң сиясый партиялар ҳәм жәмийетлик-сиясый ҳәрекетлердиң тәсиринен шетте болыў.

11. Тәрбияланыўшылар ҳәм тәлим алыўшыларды ҳурметлеў.

12. Педагог шахсын, оның жәмийетлик дәрежесин ҳурметлеў.

13. Әмелдеги нызамлар шеңберинде мулкчиликтиң тең ҳуқықлылығы, олардың ғәрезсизлиги, тәлим мекемеси ғәрезсиз юридик шахс болып, нызамларда белгиленген тәртипте дузиледи.

Муҳаммед Аль Хорезмийдиң (780-850) жасларга тәбийий ҳәм математикалық билим бериў ойлары өз алдына жетискенликлер болды. Муҳаммед Аль Хорезмийдиң Орта Азиядағы атақлы алымлардың бири еди. Ол көп ғана илимий экспедицияларга қатнасты. Математика, астрономия, география илимлерин изертледи. Багдат халийфалары Аль-Мамун, Мутасим ҳәм әл-Васик сарайларында илим менен шуғылланып, шығыстағы туңғыш илимлер академиясы ҒДаналар уйиҒ, ҒБаит алхикманыҒ басқарып илимпазларга устазлық етти. ҒАстрономиялық кестелерҒ, Индия арифметикасы ҳаққында китап, ҒҚуяш сааты ҳаққындагы китапҒ, ҒМузыка рисоласыҒ тағы басқа мийнетлеринде жасларға тәбийий ҳәм математикалық билимлерди уйретиўге айрықша әҳмийет қаратты.

Хорезмийдиң шебер педагог методист сыпатындағы орны өз алдына. Үш муйешлик, төрт мүйешлик, көп мүйешлик, шеңбер пирамида, конус тағы баска геометриялық сызылмаларың мазмунын, әҳмийетин тусиндирди. ҒАлжабр ҳәм алмухабалаҒ китабында теңлемелердин алты түрин дәлиллеп берди. Аль-Хорезмийдиң алгоритм теорияларын раўажландырыўы, әсиресе оның тәбийий-математикалық тәлим-тәрбиялық ой-пикирлерди жетилистириўди әсирлер даўамында айрықша дыққатқа миясар болып келди.

Шахмайтдин Ахмед Ибн Муҳаммед Ферганийдиң (861) жасларға астрономиялық, математикалық билим бериў ойлары да Орта Азиядағы мектеп ҳәм педагогиканы раўажландырыўда жетекши орын ийеледи. Шахмайтдин Ахмед Муҳаммед Ферганий Моވароуннаҳр, Ирак ҳәм Египетте илимий жумыслар ислеген, илимий билим ҳәм тәжирийбелерге оғада бай Орта Азия және араб шығысында кеңнен белгили алым есапланады. Ол дөреткен астрономиялық, математикалық ҒЖулдыз ҳаққындағы илим элементлери туўралы китапҒ, ҒАстрономия илимиҒ, ҒАл Ферганий таблицаларыҒ, ҒАстролябии қурылысы ҳаққында китапҒ т.б. мийнетлери жаслардың жаратылыстаныў бойынша билимин, дуньяға түсинигин қәлиплестириўде теңи жоқ баҳалы дереклер болды. Жасларды дүньяның жаратылысы, жақтылық бериўши аспан денелериниң ҳәрекети календарь ҳәм географиялық билимлерменен таныстырыў пикирлери илим тарийхында үлкен жаңалықеди. Ол өзижаратқан илимлериниң нәтийжесин араб, сирия, грек, иран, египет алымларының изертлеўлерине салыстырып илимгеқосқан үлесиниң бәлент екенлигин түсинди. Ол аспан ҳәрекетлери, ондағы планеталардың қозғалыўы, айланыў бағыты қарсыболса да бир-бирине сәйкес келмейтуғынлығын баянлады. Ҳәрқыйлы кеңисликтеги қуяштың шығыў ҳәм батыў механизмин үйренип көлеминиң үлкен-кишилигине қарай жулдызларды классификациялады. Птоломейди раўажландырып, жулдызлар менен планеталардың жерден узақлығының өлшемин, Ай ҳәм Қуяштың тутылыўын есаплап берди. Стереографиялық проекцияның тийкарын салып, астролябияның теориялық ҳәмпрактикалық тәрепин туңғыш ислеп шықты. Астрономияға дәлиллеў усылын енгизип бул илимтараўы бойынша дәстлепки таблицаларды дүзиўгеерести. Әсиресе меридиан тегислиги менен тик тегисликтиң арасындағы мүйешлердиң ҳәрекетсиз жулдызлардың кестесин ислеп шықты. Геодезиялық илим изертлеў жумысларын алып барды. Ол әййемги илим жетискенликлерин пухта үйрениўди ҳәм оларға ҳурмет көрсетиўди және сын көз бенен қатнас жасап, тәбиий математикалық илимлерди раўажландырыўға усынислар билдирди.

Орта Азия халықларының тәлим-тәрбия ой-пикирлериниң раўажланыўда айрықша орынға ийе ойшыл-данышпан энциклопедист алым Абу Наср ал-Фарабий есапланады. Ол 873 . Сырдарьяга Арыстан куяр жериндеги Фараб (Отрар) ауылында аскерий хам сиясий хызметкер семьясында тууылган. Асиресе Аристотель шыгармаларынын терен озлестирип логика, математика, медицина хам философиянын улыума маселенин менен кызыксынады. Канегелер Фарабийди 70 ке жакын халыктын тилин билген деп айтады. Фарабийдин айиемги Грек алымлары мийнетлерине комментария жазыу ислери тек

шыгыс халыкларынын гана емес, ал орта асирдеги Европа халыкларында грек илими жетискенликлери менен таныстырыуга себепши болды.

Жасларга блимли тусиндиргенде олардын ядлап алыуы емес, ал избе- излиги саклап, белгили бир байланыслар бойынша ядта толыктырып угыуы зарур деди Ғфилософлардын койган сорауларына жууапларҒ деген мийнетинде.

Фарабийдин акыл тарбиясы хаккындагы пикирининин мазмунында коршап турган атирапты, табият хадийселерин билиу, олар хаккындагы билимлерин барган сайын теренлетип барыу идеясы бар. Олар кыл тарбиясын балаларга жаслайынан уйреткенде натийжели болатугынын ескертти.

Фарабий жаслардын унамлы жетилисиуинде эстетикалык тарбиянын ролине де зор дыккат каратады. Ол ҒМузыка хактында улкен трактатҒ, ҒРиторикаҒ, ҒПоэзия искусствасы хаккындаҒ, ҒБахыт жолын корсетпеҒ тагы баска мийнетлеринде эстетикалык тарбия хаккындагы пикирлерин жазды. Фарабий музыканын эстетикалык тарбия бериуде ролин улкен екенин ҒИлимнин келип шыгыу хаккындаҒ деген шыгармасында ҒМузыка илими тураклылыгын жойыткан адамлардын минез-кулкын тартипке келтиреди. жетилиспеген минез кулыкларды писип жетилистиреди хам минез-кулкынын тураклылыгын саклап турадыҒ деп жазган еди.

Орта Азиялы энциклопедист алым Абу Райхан Беруний 973 жылы 4-сентябрьде Хорезимнин Кыят каласында хазирги Каракалпакстаннын Беруний районы территориясында жарлы шанаракта тууылган 1048-жылы 11-декабрде Газна ҒАфганистандаҒ каласында кайтыс болды. Болажак илимпаз жасаган дауирде Хорезм, Орта хам Жакын шыгыстын ен ири илимий -мадений орайы еди. Беруний баслауыш талим алганнан кейин белгили математик, астроном Абу Наср ибн Ирак Мансурда окыйды. Ибн Ирак жардеминде аййемги греклердин классик илимлери менен танысады, араб, грек, парсы, санскрит хам ертедеги еврей тиллерин пухта уйренеди.

Беруний жамийтинин пайда болыуына хакыйкый процессин тусиндириуге умтылды. Ол адамларды кудай жараткан деп ойлайды хам кудайдын берген акыл ерки адамларды биргеликте жасауга алып келген болсада, бул аолардын барлык зарурлигин канаатландыра алмайтугынын айтты. Бул ушын инсанларды тарбиялау зарур деди. асиресе адамларга акыл илим уйретиу тарептары болды.

Беруний илим уйретиуде озлестирген билимлерди тез-тез такрарлап турыу кереклигин ескерткен. Онын пикиринше ҒБилим кайталау хам такрарланыудын жемисиҒ. Беруний адам илим ушын барлык омирин багышлаганда гана максетке мууапык уйрениуи мумкин деп ескертти. Беруний окымаган, реаль билимлерден хабарсыз адамлардын дуньянын тусиниуи шекленген дарежеде болатугынын айтады. Халыктын ишинде турли исенимлерге айланыушылыктын да коплиги усыннан еди. Себеби ҒБилимсиз адамлардын кеуили ырымлага мейил боладыҒ-деп жазган еди.

Беруний педагогикалык коз карасларында жасларга адеп-икрамлык тарбия бериуге де пикирлер айтты. Ол ҒИндияҒ шыгармасында хар бир миллетин озине тан тарбия бериу усылы хам оз системасы болатугынлыгын корсеткен еди. Беруний халыктын демократиялык мазмунындагы адеп-икрамлык талапларына суйене отырып жасларду адепке тарбиялаудын баслы мазмуны адамгершиликли, сахый, киши пейил, адалатлы, аузыбиршиликли дослыкты, мийнетти суйгиш етип тарбиялау деп корсетти.

Жаксы адетлерге тарбияланган адамлар жаксы услерди доретиуге укыплы болатугынлыгын ескертип ҒЖаксы минез-кулык жаксылыктын аламатыҒ екенлигин сонлыктан балаларга адеп жетискенлерин жаслайынан калиплестириуин кереклигин айтты.

Беруний жасларды мийнет суйиушиликке тарбиялау кереклигине улкен ахмийет берди. Акыл, ерк хам мийнетке умтылыу гана адамлардын турмысын белгилдеп береди себебиҮ ҒКалеген нарсеге мийнет етиу аркалы ерисиледиҒ - деген еди хам зорлык пенен мажбурий ислетилген мийнеттин жаксы натийже бермейтугынлыгын тусиндеирди.

Беруний тек табият панлерин рауажландырыу гана емес, ал усынын менен бирге Орта Азия халыкларынын педагогикалык ойлары тарийхын жетилистириуге де улкен улес коскан энцеклопедист алым.

Соз етип отырган бул дауирде дунья жузине атагы жайылган тауип, педагог, психолог ИБН СИНОНЫН талим тарбия хаккындагы коз карaслары да (980-1037) Орта Азия халыкларынын педагогикасынын рауажланыуы тарийхында улкен орынга ийе еди.

Абу Али Ибн Сино педагогика хам психологи машкалалары гап етилген ҒТиб конунлариҒ, ҒШифо берувчи китобҒ, ҒЖан хаккында рисолаҒ, ҒПсихология туралы рисолаҒ, ҒДанышнамаҒ, ҒНажотҒ тагы баска мийнетлерин доретти.

Илимпаз билимлигине бола инцеклопедист, ҒАлымлар баслыгыҒ. Дарежесине котерилип жасларга табият сырларын уйретиуде затлардын себеп натийже байланысын тусиндириуди айтты. Жамийетти уш тайпага хакимлер, онерментлер хам коргаушыларга болди. Жасларды тарбиялау машкалаларын соз етип психология пани хаккында адам минез кулкынын баскарылыуы руухый процесслерге, физиология тийкарларына байланыслылыгын жониндеги коз карасларын баянлап, темперамент (Мизож) туурысындагы пикирлерин айтып, инсаннын жасын даурларге (тортке) болди. Дене тарбиясы хаккындагы пикирлерин тусиндирди. Илимди классификациялап табият панлеринин теориялык жане аелий деп ажыратты. Талим-тарбиянын жамийеттеги ахмийетин жетик тусинген алым жасларга медицина, логика, физика, педагогика панлеринен билим бериуди айтты. Олардын адеп-икрамлылыгын гоззалыкты тусинип калиплесиуин хаккындагы ой пикирлерин баянлады.

Табият илимлери менен бирликте жамийетлик педагогикалык ойларды рауажландырыушылыгы менен дыккатка миясар болды. Жаслардын билим алыуына тарбиялынып шыгыушы каратылган талаплар, мадений тарийхый жетискенликлерге тарбияга болган коз карасларды мазмуны жагынан байытты.

XIX әсирдеги қарақалпақ халқының атақлы шайыр-ойшыл Әжинияз Косыбай улы \1824-1883\ Амударьянын аягында \ҳәзирги Мойнак районы аймагында\ туўылған.

Әжинияз адамларды әдеп-икрамлыкка тәрбиялаў арқалы жәмийетти жақсы сыпатларга бай етиўди ойлады ҳәм халықтын келешеги балалар тағдирине дыққат бөледи. Оның пикиринше ҳәр бир ата-ана перзентин ҒКөңлимниң куўанышы, жигери бандимҒ деп кастерлеўи керек. Адамлардын алған тәрбиясы ҳәм биология раўажланыўы ҳәр қыйлы болғанлықтан олардың ақыл-хуўшы, минез-қулкы тэн емес екенлигин баянлап шайыр ҒБәрше бирдей болған емесҒ деген арнаўлы косық та жазды. Шайыр тәрбия процессиниң адам тағдиринде шешиўши хызмет атқаратуғынына итибар берип баланы қалай тәрбияласаң, солай өсетуғынын ескертеди ҳәм оны әзелден әдеплиликке уйретиў керек дейди, себеби Ғаўелде онбаган акырда онбасҒ деп келтиреди. ҒКөрдимҒ косығында жасларда унамсыз минез-қулықты болдырмаўдың дәслепки шараларын ислеўди, адамлардың бир-бирине тәрбиялық тәсир тийгизиўи зәрурлигин де ортаға қояды.

Әжинияз устазлыкты озине касип етип, мектеп ашып бала окыткан мударис еди. Усы себепли ол жасларды акыллы, билимли болыуга шакырып, окыу, илим темасына багышлап коп косыклар жазды. Шайырдын пикиринше, жаслар балалык дауирден-ак акыл топлауга умтылса келешекте жаксы адам болып калиплеседи, олардын унамлы журис турысы ата-анасын ел журт алдындагы абырайын асырады, турмысын кууанышка болейди. Ал ҒАкмак болса тууган балан, омирин зимистанга мегзерҒ - деп, перзенти акыл если етип тарбиялау биринши гезекте ата-ананын жууапкершилиги деп каралды.

Ажинияз жаслардын оз-ара дослык катнасыкка жасауын жуда ахмийетли деп санап, ҒХешкимге болмаган улпет, мийуасыз бир талга мегзерҒ деп жазады. Уатынды суйиу халык мапи ушын умтылыу- хар бир азаматтын уазыйпасы екнлиги тусиндириу Ажинияздын косыкларында айырыкша орын ийелейди. МысалыҮ ҒЖер хам ел биландур, ел хам жер билан, Жерсиз елдин куни дарбедар биланҒ.

Ажинияз жасларды халык ушын мийнет етиуге тарбиялау хаккындада бахалы пикирлер айтты. Адамлар тек жасап, кунелтиу ушын гана емес ал халыктын мапи,

Уатаннын гуллениуи ушында манлай тер тогиуи керек, деп шайыр ҒЕлге пайдасы жок мактаншак марттен шан киринди кагып ескен жел жаксыҒ дейди. Шайыр жасларга онер касип ийелеуди ҒМегзерҒ косыгында насиятлайды. Ажинияз адеп-икрамлылык маселесинде жаслардын инсаный мамилени пухта ийелеген, адамгершиликли, жагымлы минезли, мийнет суйгиш, адил, дослыктын кастерлейтугын, оз елине патриоты, барлык уакытта бир созли, сабыр-парасатлы, март болыуы кереклигин назерде тутканын коремиз. Шайырдын адеп-икрамлылык пикирлеринин тийкарын халыктын келешеги болган жаслардын унамлы этикалык тусиниги менен минез-кулкы жамийетин жаксыланыуына, адамгершиликли касийетлерге бай болыуына алып келеди деген агартыушылык идеялар курайды. Бул агартыушылык идеялар хазирги дауир жасларында адамгершилик, адеп-икрамлылык коз-карасларды калиплестириуди улкен ахмийетке ийе.

Бердақ / Бердимурат Гарғабай улы 1827-1900/ Амиўдәрьяның Арал тенизине куяр әтирапында (Ҳәзирги Бозатаў районы аймағында) дуньяга келген. Орыстын Пушкин, озбектин Науайысы, казактын Абайы, туркменнин Мактымкулысы кандай уллы шайыр саналса, Бердакта каракалпак халкынын усындай уллы шайыры, данышпан-ойшылы болып табылады. Бердак ен даслеп ауыллык мектепте сауат ашады, сон Каракум ийшан медресесин окып тамамлайды. Бердак медресени тамамлаган сон кобинесе баксышылык, кыссаханлык, шайырлык пенен шугылланады.

Бердактын жамийетлик-педагогикалык коз-карасларында инсан оз акылы менен кубылыслардын себебинуйренеди, акыл менен озине турли зат ислеп озин-ози тамийинлейди, дуньяны еле де кобирек билиуге умытылады. Усы аркалы жамийеттеги барлык маселени шешиу мумкин, жаксы жамийет акылдын куши менен орнайды деп ойлады. Бердактын дуньяга коз-карасында жасап атырган жамийети жаксылау ушын адамларды жаксы минез-кулыкка тарбиялау лазым деген агартыушылык пикирлер орын алган. Онын тусинигинше адамды тарбиялау ушын адамга тан барлык касийетлерди, олардагы руухый процесслерди билиу керек. Сонлыктанда тарбиянын объекти болган адамнын руухый процесслери хаккындагы пикирлери педагогикалык коз-карасларынын тийкарын курауда улкен роль ойнайды. Бердак адам хаккында, онын психологиясы жонинде тусиниклерин топлай отырып, тарбия аркалы адамды унамлылыкка еристириуге болатугынына исеним менен карады. Бердак тарбия куши менен гана адамнын келе болатугынлыгын, турли нарселерди билип ер жететугыннын, баланы калай тарбияласан солай калиплесетугынын жаксы тусинди.

Шайырдын талим-тарбиялык ойларынын ишинде тарбиянын максет хам уазыйпалары, онда ата-ананын роли, насилдин катнасы, орталыктын тасири, кайта тарбиялау, тарбияда дене жазасынын унамсызлыгы, ул хам кызга тан айрым тарбия бериу усаган коз-караслар тийкаргы маселе болып турады. Шайыр баланы тарбиялаудагы ен баслы максет онын жамийет, халык ушын пайдалы азамат болып жетисиуин карастырыудан ибарат деп, бул ушын олардын тарбиясына улкен итибар менен карауды ескертти.

## Таянш тусиниклер.

Әжинияздың оқытыўшылык хызмети, әдеп-икрамлық, эстетикалық ойлары, ағартыўшылық пикирлери, Бердақтың устазлык хызмети, жәмийетлик-философиялык, ағартыўшылық ойлары, косықларындагы дидактикалық пикирлери, ақыл, патриотлык тәрбиясын бериу ойлары.

## Тексериў сораўлары

1. Әжинияздың өмири ҳаққында айтып бериң.
2 Әжинияздың тәлим-тәрбиялық көз-қараслары .
3. Бердақтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында нелерди билесиз
4. Бердақтың қандай тәлим-тәрбия ҳаққында пикирлери бар.

## Әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.-Ўзбекистон 2003 й.
2. Ўзбекистоннинг дадил қадамлари Т. 2005.
3. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб хисоблашар эди. Т.Ўзбекистон 2005.
4. Каримов.И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-кудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд. Т. Ўзбекистон 2004 й.
5. Каримов И.А. Янгиланиш ва ўзгаришлар жараени ортга қайтмайди. Халқ сўзи. 2002 5апрель
6. Каримов. И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.2005 й.
7. Каримов И.А. Амир Темур хақида сўз Т.1996.
8. Педагогика тарийхы. Т-2000 й.
9. Зуннунов А. Педагогика тарийхы Т. 2002.
10. Эркав А. Маънавият миллат нишони Т. 1998.
11. Зуннунов А. Озбек педагогикаси тарийхы. Т-1997 й.

Таянш тусиниклер.

Тәлим-тәрбия, мектеп, көз-қарас, ислам, Ал-Фарабий, <Индия>, <Минереология>, педагогика, психология, тәбият.

Таяныш тусиниклер. принцип, мектепке шекемги тәрбия, пән-техника, тәлим, үзликсиз тәлим, халық билмлендириў тизими, ясли-бақша, санаториялы бақшалар, мектеп-интернатлар.

**Сораўлар.**

1. Халық билимлендириў дизими дегенде нени тусинесиз
2. Халық билимлендириў дизимине кирген мекемелерди санап бериң
3. Мектептен тысқары тәлим мекемелериниң ўазыйпаларын айтып бериң
4. Мектепке шекемги тәлим мекемелериниң қандай турлери бар.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Үзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.Үзбекистон 2003 й.
2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик үз куч-қудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд .Т. Үзбекистон 2004.
3. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т. 2005.
4. ҒТәлим түғрисидагиҒ Қонун. Т.- 1997.
5. ҒКадрлар таййорлаш миллий дастури Ғ Т.- 1997.
6.И.Каримов. Баркамол авлод орзуси.-Т. 1998.

7. П.Юсупова Мактабгача тарбия педагогикаси.- Т. 1993.
8. Үқувчи мәнавиятини шакллантириш Т. 1999.
9. С.А.Козлова,Т.А.Куликова Дошколная педагогика -М. 2000.

Тема 3. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия дизимин қәлиплестириўдеги дәстлепки тәжирийбелер.

Жобасы

1. Мектепке шекемги тәрбия мекемелериниң турлери.
2. Дәстлепки балалар бақшаларының материаллық тәмийинлениуйи.
3. Бола тәрбиясында өтмиш мийрасымыздан пайдаланыўда ерисилген жетискенликлр

Мәмлекетимизде балалардың жәмийетлик тәрбиясы мектепке шекемги жастан басланады. Мектепке шекемги тәрбия мекемелери халық билимлендириў дизиминиң биринши буўыны есапланады. Бул мекемелер шаңарақ пенен беккем қатнаста балаларды ҳәр тәреплеме тәрбиялаў ҳәм раўажландырыўды ҳәмде оларды мектепте оқыўға таярлаўда әмелге асырады.

Мектепке шекемги тәрбия мекемелердиң тийкарғы типи ясли-бақша болып, онда балалар еки айлықтан баслап мектепке бараман дегенше тәрбияланады. Ясли-бақша мекемелеринде балалар жас дәўирлерине сай турде жас топарларға бөлинген

-Бөбеклик жастагы болалардың биринши топары- 2-3 айлықтан баслап 1 жасқа шекем,

-Бөбеклик жастағы балалардың екинши топары-1 жастан 2 жасқа шекем,

-Биринши киши топар- 2 жастан 3 жасқа шекем,

-Екинши киши топар - 3жастан 4 жасқа шекем,

-Орта топар - 4жастан 5 жасқа шекем,

-Улкен топар- 5 жастан 6 жасқа шекем,

-Мектепке таярлаў топары - 6 жастан 7 жасқа шекем болған балалар тәрбияланады.

Мәмлекетимизде ясли-бақша мекемелеринен тысқары айрықша мектепке шекемги мекемелер бөбеклик жастағы (2 айлықтан 3 жасқа шекем) балалар тәрбияланып атырған яслилер ҳәм мектепке шекемги балалар ушын балалар бақшалары бар.

Тилдиң раўажланыўында кемшиликлер болған балалар ушын мектепке шекемги тәрбия мекемелеринде логопедиялық топарлар дузиледи. Мектепке шекемги тәрбия мекемелери 9-12 саат ислейди. Уш сменада ислейтуғын корханалар қасында балалар туни кун тәрбияланатуғын мектепке шекемги тәрбия мекемелери шөлкемлестириледи. Балалар бул жерде путин ис ҳәптеси даўамында жасайды.

Ден саўлығы жоқ болған балалар ушын санаториялы балалар бақшалары бар. Санаториялы балалар бақшаларының тийкарғы ўазыйпасы саламатластырыўдан ибарат. Бул жерде балалар узақ ўақыт ашық ҳаўада болады, кушейтирилген аўқат жейди, ҳәмийше врач бақлаўында болады. Улкен емлеў профилактика ислери менен бирге балалар ҳәр тәреплеме раўажландырылады. Бундай типтеги балалар бақшасы я қала сыртында, я оның жасыл зонасында жайластырылады.

Еситиўинде, көриўинде, тилинде, ақлый раўажланыўында, таянш-ҳәрекет аппаратында кемшиликлер болған балалар ушын арнаўлы мектепке шекемги тәрбия мекемели бар. Оларда оқыў тәрбия ислери арнаўлы дәстур ҳәм методика тийкарында тәрбияланыўшылардың өзгешеликлерин есапқа алып барылады ҳәм раўажланыўындағы кемшиликлерин дузетиўге қаратылған болады. Балалар арнаўлы мектеплерде оқыўға таярлық көреди.

Балалар уйи ҳәм мектепке шекемги тәрбия балалар уйи арнаўлы типтеги мекемелер болып, олар жетим балалар яки шаңарақта тәрбияланыўы турли себеплерге көре қыйын болып қалған балаларды тәрбиялаўға мөлшерленген. Балалар уйлеринде балалар туўылғанынан 3 жасқа шекем, мектепке шекем тәрбия балалар уйлеринде 3 жастан 6-7

жасқа шекем тәрбияланады. Бундай балалар ҳаққында ғамхорлық қылыў мәмлекет путинлей өз қараўына алады.

Таянш тусиниклер

Бақшаның турлери, ясли бақша, балалар бақшалаы, интернатлар, санаториялы бақшалар.

Тексериў сораўлары

1. Мектепке шекемги тәрбия мекемелериниң турлери.
2. Дәстлепки балалар бақшаларының материаллық тәмийинлениўи.
3. Бола тәрбиясында өтмиш мийрасымыздан пайдалыныўда ерисилген жетисkенликлр

Пайдаланылған әдебиятлар.


1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.Ўзбекистон 2003 й.
2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-қудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд .Т. Ўзбекистон 2004.
3. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т. 2005.
4. ҒТәлим тўғрисидагиҒ Қонун. Т.- 1997.
5. ҒКадрлар таййорлаш миллий дастури Ғ Т.- 1997.
6.И.Каримов. Баркамол авлод орзуси.-Т. 1998.
7. П.Юсупова Мактабгача тарбия педагогикаси.- Т. 1993.
8. Ўқувчи мәнавиятини шакллантириш Т. 1999.
9. С.А.Козлова,Т.А.Куликова Дошколная педагогика -М. 2000.
10. Б.Зиямухаммедов ва бошқ Педагогика .- Т. 2000.


Тема 4. Қарақалпақстан Республика деб белгиленгеннен баслап мектепке шекемги тәрбия мекемелериниң улыўма тус алыўы.

Жобасы.

1. Қарақалпақстанда халық тәлими
2. Рус тузем мектеплери.
3. Жоқары уқыпла кадрлар таярлаў мәселелери.

3. Халық билимлендириў дизими деп белгили мәмлекетлер ишки ҳәм сыртқы раўажланыўына классификация бериўши ҳәмде белгили бир қағыйдалар тийкарында шөлкемлестирилгенбарлық тәлим-тәрбия мекемелериниң тизимине айтылады.

Өзбекстанда халық билимлендириў дизими республиканың жәмийетлик-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўының устем тараўы есапланады. Халық билимлендириў дизими Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм Өзбекстан Республикасы мәмлекет ғәрезсизлиги тийкарлары ҳаққындағы Нызамға муўапық шөлкемлестириледи ҳәм бақланып барылады. Республикамыздың конституциясында 18 ҳәм 41 статьяларында көрсетилгениндей барлық пуҳаралар жынсы, миллети, тили, дини, жәмийетлик келиб шығыўы, сыйыныўы, шахсы ҳәм жәмийетлик дәрежесине қарамай билим алыў ҳуқықына ийе. Сондай ақ, пуҳаралардың бийпул улыўма тәлим алыўы мәмлекет тәрепинен кафалатланады. Бул ҳуқық илим алыўдың ҳәмме турлери бийпуллығы, жасларға улыўма мәжбурий орта тәлим бериўди әмелге асырыўды оқытыўды өмир, өнимли мийнет пенен байланыстырыў тийкарында раўажландырыў негизинде усынылады.

ҒБилимлендириўҒ ҳаққындағы Нызамда халық тәлими дизими дузилисиниң бир қанша жаңа қағыйдалары еңгизилген.

1. Тәлим ҳәм тәрбияның инсансуўиўшилиги ҳәмде демократиялығы.

2. Тәлим дизиминиң узликсизлиги ҳәм избе-излиги.

3. Мәмлекет тәлим дизиминиң илимийлиги ҳәм дуньялығы.

4. Тәлимде улыўмаинсаний ҳәм миллий-руўҳый қадириятлардың устемлиги.

5. Мәмлекет тәлим стандартлары қағыйдасында ҳәмумениң тәлим алыўы ушын имканият жаратылғанлығы.

6. Таянш тәлимниң мәжбурийлиги.

7. Тәлим руўҳый ҳәм физикалық тәрбия дәстурлерин таңлаўға бир оқыў реже ҳәм дәстурлерди тасдыйықлайды.

8. Билимлилик ҳәм таланты хошаметлеў.

9. Тәлим мекемелеринде шет тиллерди уйрениў, дин тарийхы ҳәм дунья мәденияты тараўында билим алыў ушын шараятлар жаратыў.

10. Тәлим мекемелериниң сиясый партиялар ҳәм жәмийетлик-сиясый ҳәрекетлердиң тәсиринен шетте болыў.

11. Тәрбияланыўшылар ҳәм тәлим алыўшыларды ҳурметлеў.

12. Педагог шахсын, оның жәмийетлик дәрежесин ҳурметлеў.

13. Әмелдеги нызамлар шеңберинде мулкчиликтиң тең ҳуқықлылығы, олардың ғәрезсизлиги, тәлим мекемеси ғәрезсиз юридик шахс болып, нызамларда белгиленген тәртипте дузиледи.

Ертедеги турк халықларының дуньяға көз-қарасын анықлаўда Орхон-Енисей,Талас, Суджи,Барлық,Алтын көл,Элегеш т.б. жазыў естеликлериндеги мағлыўматларға суйенилди. Булардағы қоршап турған тәбият ҳаққындағы билимлердиң мазмунында анимистик тәлиймат жатып, олардың өзлерин тәбияттан ажыратпағанлығы, тәбиятқа үстемлик етиў мүмкиншиликлериниң бар екенлигин базда жеткиликли сезбегенлиги, тәбият кушлери ҳәм ҳәдийселери менен өзлерин бирнәрсе деп есаплап, адамға тән болған имканият пенен қәбилетликлерди басқа тәбият ағзаларында да орын алған деп ойлағанлығы көринеди. Усы әййемги түсиниклер комплекси-анимизм VI-VIII әсирлердеги турк халықларында Ғкөк тәңриҒге сыйыныў қубылысын пайда еткен еди.

Тәңриге сыйыныў ертедеги көплеген евразия көшпелилериниң турмысында орын алған қубылыс. Турк тилине тән болған тәңри сөзиниң этимологиясы таң ери компонентлеринен ибарат. Таң сөзи тунниң, қараңғылықтың тамамланыўын, күнниң шығыўынан алдыңғы ўақытты билдиреди. Яғный ҒтаңҒ, ҒкуяшҒ деген мәнистиң жақын мазмуны. Ал ҒериҒ, ҒерҒ сөзлери турк тилинде ер жынысллы адамнан тысқары батыр, қаҳарман түсинигин де баянлайды. Демек Ғтаң-ериҒ сөзи Ғкуяш адамыҒ, Ғаспан адамыҒ, ямаса Ғаспанның батыр қаҳарманыҒ, Ғаспанның қудиретли адамыҒ деген мәнисти аңлатады.

Тәңриге сыйыныў феодаллық қатнаслардың қәлиплесип раўажлана баслаған дәстлепки дәўиринде феодаллық идеология характерин ийелей баслады. Қағанатлық оны мәмлекетлик монтеистлик динге айландырып, өзлериниң езиўшилик мақсетлерине қолланыўды нәзерде тутты. Турк қағанлары өзлерин аспанның яғный тәңриниң баласы деп атаған. Көк тәңрини жекке өзлериниң сыйынатуғын тиреги деп алыў турк халықларының қудай суйетуғын жақсы әўладпыз деген түсиниклеринен дөреген еди.

Жазба естеликлерде көк тәңри адамлардың елине садық болыўын, қағанның буәрықларын булжытпай орынлаўын қатаң талап етеди деген пикирлер оғада басым. ҒТонюкукҒ битиг ташында турк халықларының қытайларға колония ўақтындағы жағдайларын ҳәм қытайлардың үстемлик етиўинен кутылып өз алдына қағанатлықта жасағанлығын, бирақ көп узамай қытайлар менен урыста жеңилип қайтадан табғашларға бағынышлы болғанлығын көк тәңри ҒунатпағанҒлығы, халықты өз ўатанын,қағанлығын беккем сақлай алмағанлықта гуналағанлығы жөнинде түсиниклер бар. Шынында да жазыўлар мазмунында халық қағанлықты, қағанлық халықты қорғаўы тийис, деген қағыйда нәзерде услаған. Қағанның айтғанына көнбеген халықты көк тәңри ол дуньяда емес, ал реал турмыста турли усыллар менен жазалайды деп үйреткен. Яғный естеликлерде Ғкөк тәңриҒ инсанлардың барлық тәғдирине араласып, бақлап

турады,қағанына опасызлық етсе ол халықты аяўсыз жазаға буйырады, солушын халық қағанына бағыныўы керек деген мақсетти аңлатыў орын алып, инсан бахытсызлығының тийкарғы себеби-оның тәңри алдында гунаға батыўы менен байланыслы деп тусиндирилген.

Усылай етип жазба естеликлерде басқарыўшы топарлардың халықты, мәмлекетти өзқолында беккем уславы ушын, жасларда диний тәлиймат жәрдеминде өзлерине бейим көз-қарас қәлиплестириўге урынғанлығы байқалады. Ҳәттеки тәңрининң ақыл-нәсият айтыўшылық қәсийетлери бардеп ескертип, тәңрининң айтқан кеңес, пикирлеринен үзиндилер келтирип, мақсет еткен ойларын тәсирли етиўге умтылған орынлар да ушырасады. Булардан турк халықлары жаслардағы патриотлық түсиниклерди тәңрининң талап ететуғын ең тийкарғы инсанийлық сапаларының бири тәқылетте байқалады.

Таянш тусиниклер

Турк халықлары, Орхон-Енисей,Талас, Суджи жазба естеликлери, көк тәңри, Культегин, Элегеш, Тонюкук жазба естеликлери.

Тексериў сораўлары

1. Ертедеги турк жазыўлары кашан пайда болған
2. Ертедеги турк жазыўлардағы жәмийетлик көз-караслар
3. Турк жазыўларындағы тәлим-тәрбия мәселелерди айтып бериң

Әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.-Ўзбекистон 2003 й.
2. Ўзбекистоннинг дадил қадамлари Т. 2005.
3. Каримов. И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.2005 й.
4. Каримов.И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-кудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд. Т. Ўзбекистон 2004 й.
5. Ўзбекистон 13 йил тараққиет йўлида Т. 2004.
6. Хасанбоев Ж. Педагогика тарийхы. Т-1997 й.
7. Зуннунов А. Озбек педагогикаси тарийхы. Т-1997 й.
8. Педагогика тарийхы. Т-2000 й.
9. Зуннунов А. Педагогика тарийхы Т. 2002.
10. Эркав А. Маънавият миллат нишони Т. 1998.
11. Йўлдошев Ж. Хасанов С. Авестода ахлоқий- таълимий қарашлар Т.Ўқитувчи. 1992.

## Тема 5. Мектепке шекемги тәрбия мекемелерининң илимий-методикалық тәмийинлениўи.

Жобасы

1. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия раўажланыўынаң шөлкемлестриўши педагогикалық шарт-шараятлары.
2. Қарақалпақстан илим ҳәм мәдениятының раўажланыўына улес қосган алым ҳәм ойшыллар.
3. Ҳәзирги миллий тиклениў шараятында Республикада алып барылып атырған ислер.

VII әсир басларында ислам идеясына тийкарланган Араб халифалыгы пайдо болып, бул мәмлекет басқа мәмлекетлерди басып ала баслады. VII әсир орталарында араблар Маверанахрды толық жаўлап алды. Олар Орта Азия халықларының экономикалық ҳәм

мәдений раўажланыўына дәстлебинде белгили дәрежеде зыян келтирди. Көп ғана қалаларды , мәдений мийрасларды булдирди. Басып алынған жерлерде турли доллар менен Муҳаммед ибн Абдулла тийкар салған ислам дининиң ең жайдырыў ислерин алыпбарды. Бурынғы қуяшқа, көк тәңриге, отқа, бутпараслыққа сыйынып жүрген халықлар дәстлебинде тил ушы ғана исламға, ал жасырын түрде өз динлерине сыйынған.

Исламға сыйыныўшыларды көбейтиў ушын араб сиясатшылары жума кунимешитке келип намаз оқыўшыларға еки теңгеден ақша берген. Халық бул мешитке көп қатнаған ҳәм тез ислам динине өткен.

Сондай-ақ ислам тәлийматын ен жайдырыў және халықты ағартыў, билимлендириў мақсетинде ҳәрбир аўылда, елатлықта мектеп, мешит салынып, оларда балалар ислам дүньяга көз-карасы тийкарында саўатын ашып , тәрбия көрген. Тәлим-тәрбия барысы дуньялық билимлер менен қатар Қуран ҳәм Ҳәдислердеги әдеп-икрамлылық тийкарында жургизилген.

2. Муҳаммед Ибн Абдулла Араб халқының уллы ойшыл-данышпаны, сиясый искери ҳәм ислам дининиң тийкарын салыўшысы.Ол 570 жылы Араблардың Мәкке қаласында туўылады. Әкеси Мәккениң ўәкими және Кәбатылланың нәзири (бақлаўшысы) Абдул Муталибтың улы еди. Ол өз қәўиминетийисли Аминадеген қызға уйленеди. Амина ҳәмледар ўағында периштелер келип ҒСен ул туўасаң, оған Муҳаммед деп ат қойҒ деп айтып кеткен.

Муҳаммед Ғмақтаўға ылайықҒ деген сөз еди. Абдулла ис жүзесинде Сирияга(Шамға) кетеди. Қайтып келатырып кеселленип Мәдийнада қайтыс болады. Усы ўақытта туўылғанбаласы Муҳаммедтиң дийдарын көриў оған буйырмаған еди.

Анасы Амийна Муҳаммедти араб дәстурине бола жаслайынан кәйин енеси Хәлиманың тәрбиясына береди. нәтийжеде бем жасқа шекем ол атасы Абдул Муталлибтың тәрбиясында болады.

Оның балалықтан ақ зийрек, зейини өткирлиги шешеси Халийманы ҳайран қалдырады ҳәм оның талантына,қәбилетине сай тәрбия бере алмаспыз деп Муҳаммедти қайтадан анасы Амийнаға қайтарып береди. Бирақ Муҳаммед анасы менен узақ жасай алмайды.

Муҳаммед жети жасында путкиллей жетим қалып, қайтадан атасы Абдул Муталибтың тәрбиясына алынады. Ол Муҳаммедти қасынаалып Кәбаға зыяратқа келген ҳәрқыйлы ақыл ийелери, данышпанлар менен бәркулла гүрриңлесип отыратуқын еди. Муҳаммед усы арқалы даналыққа толы ҳикметли сөзлерди еситип өседи. Болажақ пайғамбарды жас ўақтында жақын әмекиси Мәккениң ҳәкими ҳәм Кабаның нәзири Әбу Талиб те асырайды.

Муҳаммед әмекиси Абу Талибтың рухсаты менен Хатийшаға үйленеди.Усы ўақытта Хаьтийша 40 жасларда, Муҳаммед 25 жасларда еди.

Дунья тынығы, тусиник данышпанлығы жетилискен Муҳаммед 40 жасларға келгенде өзи жасап атырған жәмийетлик турмыстағы тәртип-нызамларды қайтадан көрип шығыўды, адамлардың минез-қулқын жақсы пәзийлетлерге бай етиўди, инсан әдеп-икрамын жақсылаў арқалы пүткил инсаният турмысын, жәмийетти гуллендириўди ойлады. Усы мақсетте Мәккеде жаңа диний тәлийммат исламды Қудайға бойсыныўды жаратыўға кириседи. Мәмлекетти, халықты бирлестирип жәмәәтти аўқамластырыўға, бирликли татыў-тыныш жасўға, елде тәлим-тәрбия ҳәм экономикалық саўда-сатық ислерин жанландырыў арқалы халықты бахытлы,тоқ турмысқа еристириўге умтылды. Ол өзин қудай-тааланың буйрықларын орынлаўшы, оның адамлар арасындағы ўәкили деп тусиндиреди.

Муҳаммедтиң жаратқан диний тәлийматы Абу Суфен басшылыгында айырым қәўимлер қарсы шығады. Ҳәттеки пайғамбарды өлтирмекши болады. Қәўипли жағдайды байқағанлықтан, 622 жылы 22 сентябрде Мәккеден (Ясрибке) Мәдийнаға қашады. Бул исламда Ҳижра делинеди. Муҳаммедти Ясрибте бурын өзи мененбирге барған қәўимлеслери қуўанып қарсы алады. Ол исламға садықлық көрсетип Мәдийнаға

келгенлерге Хатийшадан қалған барлық дунья малын сарыплап, жәрдемлеседи ҳәм жаслардың оқып билим алыўы және халыққа нәсият-ўаз айтыўы ушын улкен орай дузиўге кириседи. Мәккеде мешит салып, оның қасынан мектеп ашады. Булжерде қуранокыған ҳәм пайғамбардың нәсиятларын, ҳәдийселерин тыңлаған. Адамлардың мийнет етип турмысын абаданластырыўын шөлкемлестириген.

Муҳаммед 632 ж раббиул аввал айының он екинши сәнесинде қайтыс болған. Оны өзи дузген мәдениятораййы Мәдинаға жерленеди.

Муҳаммед Ибн Абдулланың тәлим-тәрбиялық оә-пикирлери пүткил жәҳән мәдениятында, ислам дуньясында тек ерте орта әсирлер дәўиринде ғана емес, ал ҳәзирги дәўирде де айрықша әҳмийетке ийе адамгершилик пикирлердиң раўажланыўына, тәлим-тәрбия мазмунының жетилисиўине қосылған үлкен үлес болып есапланады.

Таянш тусиниклер

Араблардың Мавераннахрды басып алыўы, ислам дининиң еңдирилиўи, Муҳаммед пайғамбардың көз-қараслары, Хорезмийдиң тәбиийҳәм математикалық пикирлери, Ферганийдиң астрономиялық пикирлери, хадис.

Тексериў сораўлары

1. Ислам дини идеялары тәлим-тәрбияга кандай тәсири корсетген.
2. Муҳаммед ибн Абдулланың өмири.
3. Муҳаммед ибн Мусо ал-Хорезмийдиң математика раўажланыўында тутқан орны
4. Аҳмад ал-Ферганийдиң кандай астрономиялық, математик билим бериў пикирлери болған.
5. Ал-Бухарий ҳәм Ат- Термизийдиң ҳадисти раўажландырыўдағы орны.

Әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.-Ўзбекистон 2003 й.
2. Ўзбекистоннинг дадил қадамлари Т. 2005.
3. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб хисоблашар эди. Т.Ўзбекистон 2005.
4. Каримов.И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-кудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд. Т. Ўзбекистон 2004 й.
5. Ўзбекистон 13 йил тараққиет йўлида Т. 2004.
6. Каримов. И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.2005 й.
7. Зуннунов А. Озбек педагогикаси тарийхы. Т-1997 й.
8. Педагогика тарийхы. Т-2000 й.
9. Зуннунов А. Педагогика тарийхы Т. 2002.
10. Эркав А. Маънавият миллат нишони Т. 1998.

## Тема 6. Мектепке шекемги кадрларды таярлаў уқыплылықларын асырыў.

Жобасы.

1. Мектепке шекемги тәрбия мекемелерине педагог қәнийгелерди таярлаўдың өзине сай өзгешеликлери.
2. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия кадрларын таярлаў дизими.
3. Өтмиште мектепке шекемги тәрбия кадрларын таярлаўдың анализи.

Мектепке шекемги тәрбия мекемелерин укыплы кадрлар менен тәмийинлеў ушын педагогика жоқары оқыў орынлары тармақлары шөлкемлестирилген. Ҳәр жылы педагогика билим журтларын питкерген мыңлаб жас қәнийге кадрлар халық таълими исшилерин кенейтип барады. Педагогика жоқары орынларында әмелге асырылатуғын тәлим-тәрбия ислери болажак педагогларда жәмийет талапларына жуўап бере алатуғын

жекее сыпатларын қәлиплестириўге қаратылған. Педагогика оқыў орынларында берилетуғын тәлимниң мазмуны оқыўшыларда теория, әмелий тәрептен, сондай ақ жәмийетлик пайдалы мийнетке таярлаўды өз ишине алады.

I. Мектепке шекемги тәрбия исшилерин теориялық билимлер менен қәраллландырыўдан көзленген мақсет мектепке шекемги тәрбия жасындағы балаларды мектепте билим тийкарларын йиелеүге таярлаў ушын оларды хәр тәреплеме раўажландырыў.

II. Педагогикалық әмелият болажак педагогты өз кәсибиниң шебер устасы қылыб таярлаўда зәрур курал. Тәрбияшылық санъатын ийелеў хәр қандай оқыў пәнин өзлестириўден ҳәм курамалы. Бул педагогикалық кәсиптиң көп тәреплемелиги менен белгиленеди. Соның ушын болажак педагоглар әмелият ўақтында сондай ўазиятка туседи, бул оларды тәрбияшылық кәсибиниң хәр қыйлы тәреплерин ийелеп алыўга ундейди. Нәтийжеде әмелият ўақтында педагогқа сай болған сыпатлар, яғный ҳәр бир баланың шахсына ҳурмет пенен қараў, шыдамлылық, талапшанлық, педагогикалық бақлаўшаңлық, оқытыўшылық әдеби сыяқлы жеке сыпатлар қәлиплесе баслайды.

III. Оқыў дәўириндеги жәмийетлик ислер актив пуқараны, оның идеялық бағдарларын ҳәм педагогикалық шеберлигин қәлиплестириўге жәрдем береди.

Болажак педагоглар өзи оқып атырған оқыў орынларының жәмийетлик-сиясый турмысында, өз-өзин басқарыўда, шөлкемлестириўшилик ислеринде ҳәмде аталық ислерин алып барыўда актив қатнасады. Жас педагоглардың педагогикалық шеберлигин қәлиплестириў кейин олар ислеп атырған жәмәәтте даўам етеди.

Педагогикалық шеберлик тәрбияшының тәлим, тәрбия ислерин әмелге асырыўда жоқары нәтийжелерге ерисиў ушын өзине сай кураллар системасын коллаўды талап етеди. Бундай шеберликке ерисиў айрым педагогларга ғана тйисли болып калмастан, ҳәр қандай педагог ҳәм оны ийелеп алыўға умтылыўы керек.

Жас педагогка ол ис баслаған жәмәәт ағзалы талапшаң катнаста болыўы, оны өз кәсиплеслеринен педагогикалық шеберликти активлик пенен уйрениб алыўга, керекли әдебиятларды оқыўға, педагогикалық тәжирийбени уйрениўге ундеўи керек. Ис процессинде жас педагог балалар менен алып барылытуғын истиң мазмунын жақсы билмеслигин сезеди ҳәм өз билим, уқыплылығын тынбай асырып барыў кереклигине зәрурлик сезеди ҳәм изшиллик пенен кәсип шеберлигин ийелеп барады.

Педагоглар жәмәәти жас педагогта жәнe төмендеги сыпатларды қәлиплестириў керек, педагогикалық шеберлигин ийелеўге бар куши менен умтылыў, өз ис нәтийжелери ушын жуўапкершиликти сезиў, өз исине саықлық, дөретиўши излениўге ғәрезсиз умтылыў, менменлик, өзбилиўшиликти жоқ етиў, өз теңлеслерине қолдан келген иси менен жәрдем бериў, қала, район көлеминде методикалық ислерде актив қатнасыў. Сондай қылып, улыўма мақсет пенен бирлескен педагоглар жәмәәти жас қәнийгеде педагогикалық шеберликти қәлиплестиреди.

Заманагөй педагог кең тараўлы қәнийге есапланады. Ол мектепке шекемги тәрбия мекемелериниң методикалық ислеринде актив қатнасады, педагогикалық искерлигин қәлиплестириеди, алдынғы педагогикалық тәжирийбени уйренеди, халық ортасында педагогикалық билимлер тарқатады. Сонң ушын заманагөй тәрбияшы жоқары оқыў орынларында пәнлер бойынша ийелеген билимлери менен шегараланып қалмай, хәр дайым өз билимин байытып барыўы керек.

Балалар бақшалары тәрбияшыларын таярлаў арнаўлы оқыў орынларында әмелге асырылады. Педагогика жоқары оқыў орынларының мектепке шекемги тәрбия факультетинде ямаса педагогика ҳәм психология факультетлеринде мектепке шекемги тәрбия мекемелери ушын кадрлар тайярланады. Бул факультетлерде, сондай ақ мектепке шекемги тәрбия педагогика билим журтларында арнаўлы пәнлерден сабақ бериўши оқытыўшылар ҳәм таярланады. Арнаўлы оқыў орынларын питкерген тәрбияшылар қала, ўәлаят курсларында ҳәр бес жылда билиин жетилистирип барады. Бул курслар мектепке шекемги тәлим-тәрбия исин жақсылаў бойынша арнаўлы шөлкемлестирилген

семинарларда тәрбияшыларды педагогика теориясы ҳәм әмелиятындағы жңалықлар менен таныстырып барады.

Буннан тысқары, мектепке шекемги тәрбия мекемелери исшилерин өз қәнийгелиги бойынша жаңа методикалық әдебиятларды, мектепке шекемги мекемелериниң алдынғы тәжирийбелерин уйренип барыўлары, халық билимлендириў бөлимлери қасында шөлкемлестирилген методикалық бирлеспелерде қатнасып турыўлары керек. Мектепке шекемги тәрбия тараўындағы илимий кадрларды тайярлаў педагогика жоқары оқыў орынларында әмелге асырылады.

1. Тәрбияшы жас әўладты халқымыздың мунәсиб перзенти қылыб тәрбиялаўдай зәрур ҳәм соның менен бирге жуўапкершиликли ўазыйпаны орынлайды.

Тәрбияшының сиясый жетискенлиги балаларды тәрбиялаў сыпаты ушын халық ҳәм жәмийет алдындағы өз жуўапкершилигин аңлаў, тәлим-тәрбия ўазыйпаларын шешиўге дөретиўшилик пенен жантасыў, өз шеберлигин ҳәмме ўақыт жетилистирип барыў ҳәм жумыстағы жолдасларының өсиўинде көмеклесиўге жәрдем береди. Тәрбияшы өзи жасап турған улке турмысын билиўи, табият ҳәм жәмийеттиң раўажланыў нызамлылықларын тусиниў, жәмийетлик актив болыў, улыўма ҳәм мектепке шекемги тәрбия педагогикасы, болалар руўҳияты ҳәм физиоллгиясын ийелеў керек. Оның педагогикалық қубылысларды анализлеўде илимий көз-қарастан жантасыў баланы ҳәр тәреплеме раўажландырыўды жетискенликли турде әмелге асырыўға жәрдем береди.

Республикамыз басшысы оқытыўшылар ҳәм тәрбияшылар хызметин жоқары баҳаламақта. Жас әўладты баркамал инсан қылып тәрбиялаўда ерискен жетискенликлери ушын, оқытыўшылық, тәрбияшылық исиндеги дөретиўши мийнетлери, алдыңғы тәжирийбелерди улыўмаластырыўда ерискен жетискенликлер ушын оқытыўшы ҳәм тәрбияшылар ҒМетодист оқытыўшыҒ, ҒАға оқытыўшыҒ, ҒМетодист-тәрбияшыҒ ҳәм басқа усыған усаған дәрежелер менен тағдирленеди. Оларға республика көлеминдеги дәрежелер бериледи.

Жәмийетимиз турмысында әмелге асырылып атырған реформалар буғунги кунде бағшада, мектепте, орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларында қәлиплесип атырған жас әўлад унамлы минез-қулық нормалары ҳәм қағыйдаларын, илимий билим тийкарлары, кәсип, өнер, укыплылық ҳәм көнликпелерди ҳәр тәреплеме пухта ийелеп барыўларын талап етеди.

Бунын ушын узликсиз тәлим системасының зәрур буўыны болған улыўма тәлим мектеплери алдына ҳәр бир ул ҳәм қызды зәрур дәрежедеги илимий билимлер менен қуралландырыў, жәҳан мәденияты, миллий мәдениятымыз менен таныстырыў, оларды физикалық ҳәм руўҳый жақтан шынықтырыў ўазыйпасы қойылды.

Мәмлекет әҳмийетине муўапық болған бул зәрур ўазыйпаны әмелге асырыўда улыўма тәлим мектеплери менен бирқатарда халық тәлиминиң баслаўыш буўыны болған балалар бағшалары зәрур роль ойнайды. Истиң жетискенлиги көп тәрептен тәрбияшыға байланыслы.

Тәрбия пән болып қалмай, ал көркем өнер ҳәм, оны ийелеў узақ ўақыт даўам етеди. Өзи оқыйтуғын, бәрҳама билимин асырып баратуғын инсан оқытыўшы деген қағыйда тәрбияшыға ҳәм тийисли. Ҳәмме ўақыт өзин тәрбиялаў менен, тәрбия илимин ҳәм санъатын ийелеў менен шуғылланатуғын тәрбияшы ҳақыйқый тәрбияшы бола алады. Бул ҳаққында алымлардың бири ҒБаланы тәрбиялаў тәрбияшының өз-өзин жетилистириўден басқа нәрсе емесҒ, деген еди. Биз соны естен шығармаўымыз керек тәрбия объекти болған бала узликсиз өседи, жылдан-жылға тәрбия шараятлары өзгереди, булардың ҳәммеси тәрбия исинде беккем ўақыялар жаратады, бул болса тәрбияшыдан дөретиўши жантасыўды талап етеди.

Тәрбияшының өзинде талапшаңлықты, өзиниң ҳәр бир ҳәрекетин бақлап бара алыўы мәмлекетимиз мектепке шекемги тәрбия мекемелери алдына қойған талапларды жетискенликли турде әмелге асырыўдың гиреўи.

Буған төмендегилер киреди

-баланың ден саўлығын сақлаў ҳәм беккемлеў,

-ақылый қәбилетлерин өстириў,

-жәмийетимиздиң, миллий мәдениятымыздың идеялық-әдеп-икрамлы принциплерине сай келиўши карасларын жетилистириў,

-ана ўатандға муҳаббат, жәмийетлик активликти қәлиплестириў, жуўапкершилик, дослық сезими, ҳалаллық, мийнетсуйиўшиликти тәрбиялаў.

Әлбетте, жоқарыда келтирилген сыпатларды раўажландырыў өсип киятырған жас әўладты тәрбиялаў ўазыйпасының ҳәмме тереплерин қамрап алалмайды, бирақ тәрбияшы буларға тийкарланып балаларды келешекте ғәрезсиз турмысқа, мийнетке тайярлаў исин белгили мақсет пенен нәтийжели әмелге асырыўы мумкин.

Оқытыўшылар, мектепке шекемги тәрбия мекемелери кадрларын қайта тайярлаўшы илимий-методикалық орайлар кеңейтирилмекте, олардың сиясый тайярлығына талап кушейтирилмекте, ҳәр 4-5 жылда қайта тайярлаўдан өтиўлери ушын шәраят жаратылмақта.

Балалардың илимли, әдепли қылып өстириў ата-ананың буршы. Муғаллимлер ҳәм бул ўазыйпадан шетте емес. Егер муғаллим болсағыз, шәкиртлериңиздиң ҳәр бир ҳәрекетин көз алдаңызда тутың, оларды әдепли болыўға уйретиң, жәмийеттиң пайдалы ағзалары болыўға уйретип, өзи болса өзин тохтата алмайтуғын, балларды дослыққа уйретип, өзи болса олар менен дос сыпатында емес,ал улкен басшы сыпатында катнаста болатуғын тәрбияшы жаман тәрбияшы.

Инсан шахсының дәстлепки тийкарлары пайда болатығын мектепке шекемги тәрбия жасында улкенлердиң балаға тәсири айнықса улкен болады. Бала ақылый ҳәм әдеп-икрамлы жақтан тек улкенлердиң туўрыдын-туўры тәсиринде тәрбияланады, камалга жетеди. Ҳеш қандай устав ҳәмде шынығыўлар инсан шахсының тәсирин жасалма турде алмастырыў мумкин емес. Бала шахстың қәлиплесиўинде тәрбияшының жетекши роль ойнаўы оның ҳәр бир баланың щахс сыпатында қәлиплесиўинде жуўапкер екенлигин көрсетеди.

Тәрбияшы баланың кунделикли турмысында, ойынларда, шынығыўларда, биргеликтеги мийнет хызметинде ҳәр олар менен болатуғын катнаста тәсир көрсетеди. Ол ҳәр бир баланы дыққат пенен уйрениўи, оның жеке өзгешеликлерин, қабылетлерин билиўи, педагогикалық шеберлигин көрсетиўи, балалардың минез-кулқын, ис нәтийжелерин ҳақыйқый баҳалаў керек, оларға өз ўақтында жәрдем көрсете алыўы, шаңарақтағы аўҳалы менен қызығыўы зәрур.

2. Тәрбияшының педагогикалық шеберлиги көп тәреплеме. Шеберлик кәсиплик тайярлықтан, теориялық билим ҳәм ис тәжирийбесин ҳәмме ўақыт асырып барыўдан, балаларға болған катнасынан пайда болады.

Тәрбияшы мектепке шекемги тәрбия жасындағы балаларға тәбият, жәмийет кублысларын, улкенлердиң мийнети ҳаққында баслаўыш билим ҳәм тусиниклер береди, оларға мәдений әдеп-икрам, өз теңлеслери ҳәм улкенлер менен мәдениятлы катнаста болыў әдетлерин сиңдиреди, жақсылық, ҳақыйқатгөйлик, әдалат, мәртлик, кемтарлық, улкенлерге ҳурмет пенен караў, тәбиятға қызығыў, баҳлаўшылық, өсимлик ҳәм ҳайўанларға ғамҳорлық пенен қараў, мийнетсуйиўшилик, улкенлер мийнети нәтийжелерин асрап-абайлаў сыяқлы әдеп-икрам сыпатларын тәрбиялайды. Халық санъатты билиў, санъатқа муҳаббат тәрбияшыны мәдениятлы қылады, балалар менен алып барылатуғын исте жәрдем береди. Педагог керекли билим, уқыплылық ҳәм көнликпелерди белгили бир изшиллик пенен ийелеп барса ғана балаларды тәрбиялаў ҳәм оларға тәлим бериў исинде жақсы нәтийжелерге ериседи. Тәрбияшы өз кәсибиниң шебер устасы болыўы ушын арнаўлы таярлық көриўи керек. Ол төмендеги шәртлерге әмел кылыўы лазым.

1. Педагог жас әўладты тәрбиялаў ушын жоқары мағлыўматлы, керекли әдебиятларды таңлай алатуғын, илимий әдебиятлар менен ислей алатуғын, алдынғы

тәжирийбели педагоглардың тәжирийбесин уйрениб, өз устинде ислей алатуғын инсан болыўы керек.

2. Педагог балаларды бахлай алатуғын, олардың минези, ҳәрекетлери себеплерин дурыс анализлеп, оған унамлы тәсир етиўши кураллар таба алатуғын болыўы керек.

3. Жас әўладты керекли билим, уқыплылық, көнликпелерден хабардар қылыўы ушын педагогтын сөзи анық, логикалық ыхшам болыўы лазым. Тәлим бериўде техникалық кураллардан нәтийжели пайдалана алыўы керек. Балалар билим, уқыплылық, көнликпелерди жақсы өзлестириб алыўлары ушын активлестииўши сораўлардан пайдаланыўы лазым.

4. Тәрбияшы өзинежукленген ўазыйпаны орынлаўы ушын балаларда усы хызметке қызығыў оята алыўы, олардың дыққатын каратып, активлигин асырыў, балалардың минези, ис-ҳәрекетлерин ҳақықый бахалай алыўы керек.

5. Ҳәр бир хызмет ушын керекли материалды алдыннан таярлап қойыўы, жаңа билимди ийелеген билимлери менен дурыс байланыстырыўы ҳәм балалар ийелеўи лазым болған билим, уқыплылық, көнликпелер олардың жас имканиятларына сай болыўы ҳәм оларды әстен қурамаластырыпбарыў керек.

6. Кун тартибин дурыс шөлкемлестирип билиўи, балалар жәмәәти ондағы ҳәр бир ағзаны итибарға алған ҳалда басшылық қыла билиўи, олардың хызметиниң мазмунлы болыўы ушын керекли материаллар менен тәмийинлеўи зәрур.

7. Балалардың руўҳый ҳәм физикалық ҳалатын анықлай билиўи ҳәм буны балалар менен әмелге асыратуғын тәлим-тәрбиялық ислерде итибарға алыўы лазым.

8. Кун даўамында алып барған тәлим-тәрбия исин анализлеп билиў ҳәм оны жәнеде жақсылаў жолларын таба алыўы керек.

9. Тәрбияшы ата-аналар менен бәрҳәма гурриңлесиў, ушырасыўлар өткизиў, оларды балаларға тәлим-тәрбия бериў бойынша әмелге асыратуғын истиң мазмуны, методлары менен таныстырып барыўы, шаңарақ тәрбиясындағы унамлы улгилерден өзиниң тәлим-тәрбиялық исинде пайдаланыўы лазым.

10. Педагог балаларға ғамхор болыўы, ҳәр бир бала ушын қолай руўҳый шәраят жаратыўы, қапа болса жубатыў, әсиресе киши топар балаларға мулайым, итибарлы, сабар-шыдамлы, жумсақ, ҳәзилкеш, баланың куш ҳәи имканиятларына исеним менен қарайтуғын болыўы керек.

Тәрбияшы балаға мехр менен карым-қатнаста болса, балалар менен оның ортасында мехрибанлық, ғамҳорлық карым-катнаслары жузеге келеди.

Балалар тәрбияшының шахсий сыпатлары, билим, уқыплығын, балаларға катнасын, талапшаңлығын төмендегише белгилейди, киши топар балалары тәрбияшының оларға болған мехр-муҳаббатына қарап (Ол мени ҒқояншамҒ деп шақырады, уйқылаўға жатқанымда суйип қояды), 4-5 жаслы балалар тәрбияшының балалар турмысын жақсы шөлкемлестире алыўына қарай (Лола апамыз бизге гурриңлер оқып береди, бизлер менен бирге ойнайды, соның ушын мен оларды жақсы) улкен топар балалары тәрбияшының ҳәмме балаларға ҳақыйқатлық пенен жақсы катнаста болыўы, жақсы ислеўине қарап баҳа береди (Ол көп нәрсени биледи, шынығыўларда уйренеди).

Ең зәрурлиги тәрбияшы балақа исенгим менен караўы олардың мийнетсуйиўшилиги, ғәрезсизлиги, шөлкемлестириўшилиг дурыс тағдирлеў ҳәм ғәрезсиз хызмет қылыўлары ушын имканият жаратыўы керек. Буны балалар жоқары баҳалайды.

3. Мектепке шекемги тәрбия мекемелерин уқыплы кадрлар менен тәмийинлеў ушын бизде педагогика жоқары орынлары тараўлары шөлкемлестирилген. Педагогика оқыў орынларында әмелге асырылатуғын тәлим-тәрбия ислери болажак педагогларда жәмийет талапларына жуўап бере алатуғын жеке сыпатларды қәлиплестириўге қаратылған. Педагогика оқыў орынларында берилетуғын тәлимниң мазмуны оқыўшыларқа теориялық, әмелий тәрептен, сондай-ақ жәмийетлик пайдалы мийнетке таярлаўды өз ишине алады.

1. Мектепке шекемги тәрбия кадрларын теориялық билимлер менен қуралландырыўдан көзленген мақсет мектепке шекемги тәрбия жасындағы балалрды

мектепте билим тийкарларын ийелеўге таярлаў ушын оларды ҳәр тәреплеме раўажландырыў.

2. Педагогикалық практика болажак педагогты өз қәсибиниң шебер устасы қылыб таярлаўда зәрур курал. Тәрбияшылық санъатын ийелеў ҳәр қандай оқыў пәнин өзлестириўден ҳәм қурамалы. Бул педагогикалық кәсибиниң көп қырлығы менен белгиленеди. Соның ушын болажақ педагоглар практика ўақтында сондай ўазыйятқа туседи, бул оларды тәрбияшылық кәсибиниң ҳәр қыйлы тәреплеринийелеп алыўга ундейди. Нәтийжеде практика ўақтында педагогга сай болған сыпатлар, яғный ҳәр бир баланың шахсына хурмет пенен қараў, шыдамлылық, қаттылық, талапшаңлық педагогикалық баҳлаўшылық, оқытыўшылық әдеби сыяқлы шахсий сыпатлар қәлиплесе баслайды.

Таяныш тусиниклер. педагогика, тәрбияшы, тәрбия, тәлим, шахс, балалар, шеберлик, кадр, ата-она, балалар бақшасы.

Сораўлар.

1. Тәрбияшы қандай болыўы керек.
2. Тәрбияшының жәмийетте тутған орны.
3. Мектепке шекемги тәрбия кадрларын қай жерде таярлайды.
4. Тәрбияшы қандай шәртлерге әмел қылыўы керек.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.Ўзбекистон 2003 й.
2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-қудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд .Т. Ўзбекистон 2004.
3. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т. 2005.
4. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т,Ўзбекистон 2005.
5. Каримов И.А. Ўзбекистон демократик тараққиетнинг янги босқичида Т.Ўзбекистон 2005.
6. ҒТәлим тўғрисидагиҒ Қонун. Т.- 1997.
7. ҒКадрлар таййорлаш миллий дастури Ғ Т.- 1997.
8.И.Каримов. Баркамол авлод орзуси.-Т. 1998.
9. П.Юсупова Мактабгача тарбия педагогикаси.- Т. 1993.
10. Ўқувчи мәнавиятини шаклллантириш Т. 1999.

## ТЕМА 7. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия мекемелеринде тәлим-тәрбия методларының раўажланыў тарийхы.

ЖОБАСЫ

1. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия мекемелеринде оқыў-тәрбия процессиниң озина сай өзгешеликлери.
2. Балалар бақшаларының дәсурий емес ис формалары.
3. Балалар менен ислесиўдеги

Тәрбияшы жас әўладты халқымыздың мунәсиб перзенти қылыб тәрбиялаўдай зәрур ҳәм соның менен бирге жуўапкершиликли ўазыйпаны орынлайды.

Тәрбияшының сиясый жетискенлиги балаларды тәрбиялаў сыпаты ушын халық ҳәм жәмийет алдындағы өз жуўапкершилигин аңлаў, тәлим-тәрбия ўазыйпаларын шешиўге дөретиўшилик пенен жантасыў, өз шеберлигин ҳәмме үақыт жетилистирип барыў ҳәм жумыстағы жолдасларының өсиўинде көмеклесиўге жәрдем береди. Тәрбияшы өзи жасап

турған улке турмысын билиўи, табият ҳәм жәмийеттиң раўажланыў нызамлылықларын тусиниў, жәмийетлик актив болыў, улыўма ҳәм мектепке шекемги тәрбия педагогикасы, болалар руўҳияты ҳәм физиоллгиясын ийелеў керек. Оның педагогикалық қубылысларды анализлеўде илимий көз-қарастан жантасыў баланы ҳәр тәреплеме раўажландырыўды жетискенликли турде әмелге асырыўға жәрдем береди.

Республикамыз басшысы оқытыўшылар ҳәм тәрбияшылар хызметин жоқары баҳаламақта. Жас әўладты баркамал инсан қылып тәрбиялаўда ерискен жетискенликлери ушын, оқытыўшылық, тәрбияшылық исиндеги дөретиўши мийнетлери, алдыңғы тәжирийбелерди улыўмаластырыўда ерискен жетискенликлер ушын оқытыўшы ҳәм тәрбияшылар ҒМетодист оқытыўшыҒ, ҒАға оқытыўшыҒ, ҒМетодист-тәрбияшыҒ ҳәм басқа усыған усаған дәрежелер менен тағдирленеди. Оларға республика көлеминдеги дәрежелер бериледи.

Жәмийетимиз турмысында әмелге асырылып атырған реформалар буғунги кунде бағшада, мектепте, орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларында қәлиплесип атырған жас әўлад унамлы минез-қулық нормалары ҳәм қағыйдаларын, илимий билим тийкарлары, кәсип, өнер, укыплылық ҳәм көнликпелерди ҳәр тәреплеме пухта ийелеп барыўларын талап етеди.

Буның ушын узликсиз тәлим системасының зәрур буўыны болған улыўма тәлим мектеплери алдына ҳәр бир ул ҳәм қызды зәрур дәрежедеги илимий билимлер менен қуралландырыў, жәҳан мәденияты, миллий мәдениятымыз менен таныстырыў, оларды физикалық ҳәм руўҳый жақтан шынықтырыў ўазыйпасы қойылды.

Мәмлекет әҳмийетине муўапық болған бул зәрур ўазыйпаны әмелге асырыўда улыўма тәлим мектеплери менен бирқатарда халық тәлиминиң баслаўыш буўыны болған балалар бағшалары зәрур роль ойнайды. Истиң жетискенлиги көп тәрептен тәрбияшыға байланыслы.

Тәрбия пән болып қалмай, ал көркем өнер ҳәм, оны ийелеў узақ ўақыт даўам етеди. Өзи оқыйтуғын, бәрҳама билимин асырып баратуғын инсан оқытыўшы деген қағыйда тәрбияшыға ҳәм тийисли. Ҳәмме ўақыт өзин тәрбиялаў менен, тәрбия илимин ҳәм санъатын ийелеў менен шуғылланатуғын тәрбияшы ҳақыйқый тәрбияшы бола алады. Бул ҳаққында алымлардың бири ҒБаланы тәрбиялаў тәрбияшының өз-өзин жетилистириўден басқа нәрсе емесҒ, деген еди. Биз соны естен шығармаўымыз керек тәрбия объекти болған бала узликсиз өседи, жылдан-жылға тәрбия шараятлары өзгереди, булардың ҳәммеси тәрбия исинде беккем ўақыялар жаратады, бул болса тәрбияшыдан дөретиўши жантасыўды талап етеди.

Тәрбияшының өзинде талапшаңлықты, өзиниң ҳәр бир ҳәрекетин бақлап бара алыўы мәмлекетимиз мектепке шекемги тәрбия мекемелери алдына қойған талапларды жетискенликли турде әмелге асырыўдың гиреўи.

Буған төмендегилер киреди

-баланың ден саўлығын сақлаў ҳәм беккемлеў,

-ақылый қәбилетлерин өстириў,

-жәмийетимиздиң, миллий мәдениятымыздың идеялық-әдеп-икрамлы принциплерине сай келиўши карасларын жетилистириў,

-ана ўатандға муҳаббат, жәмийетлик активликти қәлиплестириў, жуўапкершилик, дослық сезими, ҳалаллық, мийнетсуйиўшиликти тәрбиялаў.

Әлбетте, жоқарыда келтирилген сыпатларды раўажландырыў өсип киятырған жас әўладты тәрбиялаў ўазыйпасының ҳәмме тереплерин қамрап алалмайды, бирақ тәрбияшы буларға тийкарланып балаларды келешекте ғәрезсиз турмысқа, мийнетке тайярлаў исин белгили мақсет пенен нәтийжели әмелге асырыўы мумкин.

Оқытыўшылар, мектепке шекемги тәрбия мекемелери кадрларын қайта тайярлаўшы илимий-методикалық орайлар кеңейтирилмекте, олардың сиясый тайярлығына талап кушейтирилмекте, ҳәр 4-5 жылда қайта тайярлаўдан өтиўлери ушын шәраят жаратылмақта.

Балалардың илимли, әдепли қылып өстириў ата-ананың буршы. Муғаллимлер ҳәм бул ўазыйпадан шетте емес. Егер муғаллим болсағыз, шәкиртлериңиздиң ҳәр бир ҳәрекетин көз алдаңызда тутың, оларды әдепли болыўға уйретиң, жәмийеттиң пайдалы ағзалары болыўға уйретип, өзи болса өзин тохтата алмайтуғын, балларды дослыққа уйретип, өзи болса олар менен дос сыпатында емес,ал улкен басшы сыпатында катнаста болатуғын тәрбияшы жаман тәрбияшы.

Инсан шахсының дәстлепки тийкарлары пайда болатығын мектепке шекемги тәрбия жасында улкенлердиң балаға тәсири айнықса улкен болады. Бала ақылый ҳәм әдеп-икрамлы жақтан тек улкенлердиң туўрыдын-туўры тәсиринде тәрбияланады, камалга жетеди. Ҳеш қандай устав ҳәмде шынығыўлар инсан шахсының тәсирин жасалма турде алмастырыў мумкин емес. Бала шахстың қәлиплесиўинде тәрбияшының жетекши роль ойнаўы оның ҳәр бир баланың щахс сыпатында қәлиплесиўинде жуўапкер екенлигин көрсетеди.

Тәрбияшы баланың кунделикли турмысында, ойынларда, шынығыўларда, биргеликтеги мийнет хызметинде ҳәр олар менен болатуғын катнаста тәсир көрсетеди. Ол ҳәр бир баланы дыққат пенен уйрениўи, оның жеке өзгешеликлерин, қабылетлерин билиўи, педагогикалық шеберлигин көрсетиўи, балалардың минез-кулқын, ис нәтийжелерин ҳақыйқый баҳалаў керек, оларға өз ўақтында жәрдем көрсете алыўы, шаңарақтағы аўҳалы менен қызығыўы зәрур.

Әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.-Ўзбекистон 2003 й.
2. Ўзбекистоннинг дадил қадамлари Т. 2005.
3. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб хисоблашар эди. Т.Ўзбекистон 2005.
4. Каримов.И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-кудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд. Т. Ўзбекистон 2004 й.
5. Каримов И.А. Янгиланиш ва ўзгаришлар жараени ортга қайтмайди. Халқ сўзи. 2002 5апрель
6. Каримов. И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.2005 й.
7. Зуннунов А. Озбек педагогикаси тарийхы. Т-1997 й.
8. Педагогика тарийхы. Т-2000 й.
9. Зуннунов А. Педагогика тарийхы Т. 2002.
10. Эркав А. Маънавият миллат нишони Т. 1998.
11. Алеўов Ў. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы Нөкис. Билим. 1993.

Тема 8. Өзбекстан республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбияның раўажланыўы.

Жобасы.

1. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары мектепке шекемги тәрбия концепциялары.

2. Мектепке шекемги тәрбия жасындағы балаларга тәлим ҳәм тәрбия бериў мазмунының өзгерислер.

3. Бақшалардың илимий методикалық тәмийинлениуи.

1. Жас әўлад тәрбиясы улыўма халықлық ис. Республикамызда тәрбия иси менен шуғылланып атырған мекемелер (мектепке шекемги тәрбия мекемелери, мектеплер, мектептен тысқары тәрбия мекемелери, кәсип-өнер билим орынлары,орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынлары ҳәм усы сыяқлы) ден тысқары, турли кәсип ийелери ҳәм бул зәрурли исте қатнасады. Сондай екен, инсан тәрбиясы, оның нызамлылықлары ҳаққындағы пән-педагогиканы уйрениў оган байланыслы болған инсанлардың зәрур ўазыйпасы.

Инсанийлық жәмийети пайда болыўы менен адамларда мийнет искерлиги процессинде ислеп шығарыў тәжирийбелери, мийнет қылыў уқыплылықлары ҳәм мийнет қуралларын ислете билиў көнликпелери пайда болды, бул қуралларды қәлиплестириў нәтийжесинде тил ҳәм ойлаў өсип, раўажлана баслады. Кексе әўлад мийнет қылыў процессинде артырған тәжирийбеси тийкарында жас әўладты ҳәм мийнет қылыўға уйретеди, оны мийнет процессине тәрбиялайды.

Сондай қылып, инсанийлығқ жәмийети пайда болыўы менен тәрбия ҳәм пайда болды, ол менен ьирге раўажланды, жәмийеттиң өзгериўи менен ол ҳәм өзгерип барды.

Тәрбияның жәмийетилик ўазыйпасы инсанлардың билим билим, укыплылық, көнликпелерде пайда болған мийнет, билим тәжирийбелерин әўладтан-әўладқа жеткериў. Тәрбияны әмелге асырыў процессин аңлаў ҳәм бул тараўдағы тәжирийбелерин уйрениўге болған талаптың туўылыўы педагогика пәнин жузеге келтирди.

Класслардың пайда болыўы менен тәрбия жәмийет ўазыйпасына айланды, мәмлекет тәрепинен белгили мақсетке бағдарлап, бақлап барылды. Тәрбия ҳәмийше ислеп шығарыў кушлериниң раўажланыў дәрежесине ҳәмде белгили жәмийетлик-тарийхый формацияға сай болған жәмийетлик катнаслар типине муўапық болады. Мәмлекет тәрбия арқалы өз сиясатын әмелге асырады., яғный өз идеологиясы, әдеп-икрамлылығы ҳәм сиясатқа жуўап беретуғын шахсты қәлиплестирип, өзине керекли кадрларды таярлайды.

Тәрбияны жәмийет талаплары пайда қылады ҳәмде мийнет қураллары раўажланып, қәлиплесип барған сайын, мийнет искерлигиниң, мийнет өнимлерин бөлистириўдиң жаңа турлер ҳәм формалары пайда болған сайын, мийнетте қатнасыўшылар ортасындағы катнасықлар өзгерген сайын тәрбия ҳәм өзгерип барады. Усы себепли тәрбия тарийхый өзгешеликке ийе болып, белгили жәмийетлик-экономикалық формацияның өзине сай өзгешеликлерин сәўлелендиреди.

Мәселен, әййемги жәмийетте тәрбия өмир, мийнет искерлиги процессиниң өзинде улкенлерге еликлеў тийкарында әмелге асырылады. Ул балалар аў қылыў, балық аўлаў, ис куралларны таярлаў ҳәмде олардан пайдаланыў, қызларға болса жеўге болатуғын миўелерди терип келиў, кийим таярлаў, уй умысларын орынлаўға уйретилер еди, ҳәмме балалар улкенлерди ҳурмет қылыў руўҳында тәрбияланар еди.

Әййемги жәмийет тузими раўажланыўының соңғы дәўиринде қәбиле баслықлары, аксақаллар ҳәкимияты кушейип, тәрбия өзгерип, базы балалар мийрас ҳәм урп-әдетлерди басқарыў ислери менен байланыслы айрықша ўазыйпаларды орынлаўга таярлай баслады.

Кул ийелеўшилик жәмийетте тәрбия жәмийеттиң ўазыйпасы болып калаберди ҳәм мәмлекет тәрепинен бағдарланнып турылды. Бунда арнаўлы мектеплер ашылып, бул жерде балаларға оқыў, жазыў, математика ҳәм диний мийраслардың тийкарлары

уйретилген. Мырзалар мектеплеринде болса саўат ҳәм есапқа, мәмлекетти басқарыўға, кулларды бақлаў менен байланыслы болған ислерге уйретилди.

Кул ийелеўшилердиң балалары әскерий спорт ойынларына уйретилер, ақлый ҳәм эстетикалық тәрбияға улкен итибар берилип, оларға пән ҳәм санъатты уйретип, олардан шебер ҳәм еркли ҳәким ҳәм саракардалар таярлап, физикалық мийнетке жек көриў сезимин сиңдирген еди.

Феодализм дәўиринде болса жәмийет дворянлар ҳәм руҳанийлерге, камбағалларға ажралып, жәмийеттиң айрықша қатламларына хызмет етиўши оқыў-тәрбия мекемелери жәнеде раўажланды. Россияда ҳәм айрықша қатлам балалары ушын мөлшерленген айрықша оқыў орынлары шөлкемлестирилди.

Буржуазия мийнеткешлер балалары тәлимниң жоқарырақ басқышларына көтерилиўлер жолында талай тосықларды пайда қылып, тек ғана бай ата-аналардың балалары ушын кирип оқыў мумкин болған мектеплердиң бир қанша типлерин жаратды. Камбағаллардың балалары ушын мөлшерленген халық мектеплери тәлим мазмуны шекленген еди, оларға машиналар менен тәмийинленген ислеп шығарыў шараятында ислеў ушын зәрур болған билимлер минимумы берилген.

Эксплуатация қылыныўшы жаңа класс-пролетариат пайда болып, өз ҳуқықлары, өз балаларының тәлим алыў ҳуқықы ушын гурескенлигин тәрбия тараўындағы барлық карама-карсылықларды жәнеде кескинлестирди.

1917 жылдаға Октябрь революциясы жаңа жәмийетлик формацияны- социалистлик жәмийетти пайда қылды. Бул дәўирде ислеп шығарыў ҳәм ислеп шығарыў катнасларының раўажланыўындағы жаңа өзгешелик ислеўшилердиң жаңа типине талапты келтирип шығарды. Оларды таярлаў ушын тәлим-тәрбия мекемелериниң басқа системасы, тәрбияның жаңа мазмуны ҳәм методларын ислеп шығарыў талап қылынды. Жәмийеттиң барлық ағзаларына улыўма, соң болса кәсиплик яки арнаўла мағлыўмат алыў ушын имканиятты тәмийинлейтуғын халық билимлендирий системасы пайда болып баслады.

Жас әўладты тәрбиялаў талабы педагогиканы келтирип шығарды. Педагогиканың арнаўла пән сыпатында ажралып шығыўы балаларды тәрбиялаў тараўында топланған тәжирийбени қабыл етиў, одан белгили нызамлылықларды келтирип шығарыў, ең жақсы шөлкемлестириўшилик формаларын табыў, сондай ақ жас әўладты тәрбиялаў жузесинен қағыйда ҳәм қолланмалар жаратыў зәрурлиги пайда болды.

Тәрбия тәжирийбелерин улыўмаластырыў ҳәттеки әййемги жәмийетте ҳәм жуз берген, усы пайтда дәстлеп урп-әдетлер менен байланыслы белгили минез-қулық формалары, улкенлер менен кишкенелер ортасындағы өз-ара қатнаслар раўажлана баслаған еди.

Педагогика илимий пән сыпатында кул ийелеўшилик жәмийетинде қәлиплесе баслады. Тәрбия тараўында топланған тәжирийбени улыўмаластырыўды сәўлелендириўши бул билим ҳәм көнликпелер нелерден ибарат болыўы керек еди, Тәрбияшы инсан шахсын қәлиплестириў, оны өмирге таярлаў тараўындағы исинде қандай жол тутыйы лазым еди, Жас әўладқа бир мақсетти көзлеб тәрбиялық тәсир көрсетиў ушын қандай мекемелер керек – деген сораўларга педагогика пәни жууап бериўи лазым еди.

Теориялық педагогика пикир дереклери философия илиминен қыдырыў керек. Философия әййемги заманнан бери өмирди қабыл етиў, инсанның жасаўдан мақсети, оның жәмийеттеги роли ҳәм орны ҳаққындағы сораўларға жуўап излеўши пән сыпатында белгили еди.

Кул ийелеўшилик дәўиринде Сократ, Плотон, Аристотель, Демокрит философиялық системаларды жаратды, олардың системаларында тәрбияға зәрур орын ажратылған, оны қәлиплестириў ҳаққында мирәәтлер алға сурилген еди.

Педагогикалық пикир тарыйхына уллы чех педагогы Ян Амос Каменский, француз ағартыўшысы Жан-Жак-Руссо, швейцариялық педагог Иоганн Генрих Песталоцци ҳәм басқалар өз улесин қосқан.

Россияның алдынғы данышпанлары педагогика теориясын раўажландырыўға белгили таъсир көрсетти. В.Г.Белинский, А.И,Герцен, Н.Г.Чернишевский, Н.А.Добролюбовлар халық ағартыўшылық ислерин өзгертиўге қаратылған проектлерин алға сурди. Мийнеткешлердиң балаларына тәлим алыўда тең ҳуқықлар бериўлерин талап қылды. Олардың идеяларын әмелдарлар қолап қуўатламады ҳәм бул мирәтлар әмелге аспай қалды, бирақ бул алдыңғы пикирлерди әмелге асырыў ўазыйпалары жәмийетти өзгертириў ушын гурес зәрурлиги менен байланыса басланды.

Атақлы рус хирурги ҳ9әм жәмийет арбабы Н.И.пирогов рус мектеби ҳәм педагогиканы раўажландырыў ушын көп ислер қылды. Ол тәрбияға улыўма жантасыўда тупкиликли өзгерислер қиргизиўди жақлады, бала шахсына ҳурмет пенен қараўды усынис қылды.

Педагогикалық пикирди раўажландырыўда уллы рус педагогы К.Д.Ушинский улкен роль ойнады. Оның териялық қараслары ҒИнсан тәрбия предмети сыпатындаҒ деген шығармасында баян қылып берилген. Бул қараслар педагог жаратқан бир қатар оқыў китапларында методикаоық тәрептен сәўлеленген. Булар арасында ҒАна тилиҒ, ҒБалалар дуньясыҒ китаплары ҳәммеге жақсы белгили болып, балалардың бир неше әўлады усы китаплардан тәлим алған.

Уллы педагог балаларда ўатансуўиўшилик, ана тилге муҳаббат сезимлерин тәрбиялаўға, әдеп-икрамлық пазыйлетлерин қәлиплестириўге, мийнетке ҳурмет руҳында тәрбиялаўға зәрур әҳмийет берди. Ол Ғермек педагогикаҒсына қарсы шықты ҳәм оқыўды көп куш-жигер ҳәм улкен ерк талап қылатуғын мийнет деп есаплады. Сондай ақ ол дидактика системасын ислеп шықты, сабақ тузилисин уйренди. Тәлим бериўдиң бир қатар методикалық усыллары ҳәм қағыйдаларын алға сурди, соның менен бирге оқыўға уйретиўдиң аўазлы аналитик-синтетик методын ислеп шықты. Ол баслаўыш тәлим мазмуны ҳәм методикасын қәлиплестириў ҳәмде оқытыўшы кадрлар таярлаў ушын көп иследи.

Атақлы рус жазыўшысы Л.Н.Толстой педагогик-теория ҳәмде әмелий тәлим-тәрбия бериў, оны шөлкемлестириў мәселелери менен көп шуғылланды. Ол дийханлардың балалары ушын мектеплер ашты. ҒЖаңа әлиппеҒ ҳәм ҒарифметикаҒ сабақларын жазды. Жазыўшы балалардың дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыўга, олар шахсын ҳурмет қылыўға шақырды.

ХХ әсир әўели көпшилик халықты саўатлы қылыў ҳәм жаңаланып атырған заманның мунәсиб перзентлерин тәрбиялаў мәселелерин кун тәртибине қойды.

Россияда жасаўшы онлаган миллетлердиң өмиринде ҳәм улкен өзгерислер жуз бере баслады. Солардан, Туркистанда қысқа муддетли өзбек ағартыўшыларының бутин бир әўлады жетисип шықты. Искерлиги өткен әсирдиң соңғы жылларында басланып, 20 жылларға келиб бул әўлад ҳалқымыздың улыўма ағартыўшылығында емес, жәмийетлик-сиясый тәрбиясында ҳәм, руўҳый жетилисиўинде ҳәм уллы хызмет көрсетти. Маҳмудхўжа Беҳбудий, Исҳоқҳон Ибрат, Сиддиқий-Ажзий, Сидрасул Азизий, Муҳаммадшариф Сўфизода, Абдулқодир Шакурий, Абдулла Авлоний, Садриддин Айний, Мунавварқори Абдурашидов, Ҳамза Ҳакимзода Ниезий сыяқлы. Олар тәрепинен көп сабақлық ҳәм дастурлер ислеп шығылды.

Маҳмудхўжа Беҳбудий мектеплер ушын жуда көп сабақлық ҳәм колланбалар ҒҚысқаша улыўма географияҒ, Ғисламның қысқаша тарийхыҒ, ҒАмалиети исломҒ, ҒРоссияның қысқашы географиясыҒ, ҒКитобатул афтолҒ жаратды. Сол дәўирде жаңа мектеплер ушын дузилген әлиппелер ишинде Саидрасул Азизий тәрепинен тузилген ҒУстози аввалҒ сабақлығы биринши орында турады. Сабақлықта сабақ өтиў методикасы, әлиппени уйрениў ҳәм ҳәриплерди уйрениўге сай темалар жазылған.

Абдулла Авлоний мектеп исин жақсылаўда улкен пидайылық көрсетти. Оның ҒБиринши муғаллимҒ, ҒЕкинши муғаллимҒ, ҒМектеп географиясыҒ Ғесап мәселелериҒ, ҒТуркий гулистон ехуд ахлоқҒ сыяқлы шығармалары басылып шықты.

Тәлим-тәрбия ислеринде ҳалқымыздың ең алдыңғы, өмирде өзин ақлағын идеялары бала тәрбиясында, инсанды камал таптырыўда кең қоллаў теориялық ҳәм әмелий тәрептен жаңаша әҳмийет ийе.

2. Педагогика өз раўажланыў процессинде өтмиштени барлық алдыңғы педагогикалық идеяларды сиңдирип алды, ўатан ҳәм шет ел педагогикасы тәжирийбесиндеги ҳәмме жаңа тәреплерден пайдаланды.

Педагогика- инсанға ҳәр тәреплеме тәрбия бериў нызымлылықлары, ҳәр бир шахсты ҳәмме жас басқышларында раўажландырыў нызамлылықлары ҳаққындағы пән. Сондай қылып, педагогика тек ғана жас әўладты тәрбиялаў нызамлылықларын уйренип қалмай, соның менен бирге жәмийет ағзаларын тәрбиялаў нызамлылықларын ҳәм уйренеди.

Педагогика инсанды ҳәр тәреплеме тәрбиялаў ҳаққындағы пән. Педагогика тәрбия тараўында жәмийет талабын әмелге асырады. Педагогика тәрбия ҳәм тәлимди шөлкемлестириў формалары, метод, курал, мазмуны, оқытыўшы-тәрбияшының шахсына қойылатуғын талап, сондай-ақ тәлим-тәрбия мекемелери системасын ислеп шығыўда жәмийеттиң инсан шахсына қоятуғын талабын, ҳәр қыйлы жас басқышларда шахстың раўажланыў нызамлылықларын есапқа алады. Ол алдыңғы педагогикалық тәжирийбени уйренип, инсанларды тәрбиялаў бойынша жақсы нытийже беретуғын илимий тийкарланған усынысларды ислеп шығып, әмелиятқа енгизеди. Соның менен бирге жәмәәтте унамлы катнасларды тәрбиялаўға, инсанларға басшылық қылыўда, оларды жақсырақ тусинип алыўға, олар менен бирге ислеў усылларын қәлиплестириўге жәрдем береди. Сондай қылып, педагогика пәни ҳәр тәреплеме раўажланған баркамал инсанды тәрбиялаў теориясын ислеп шығып қалмай, оны әмелге асырыў жоллары ҳәм ислеп шығылады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы болса туўылғанынан жети жасқа шекемги балаларға ҳәр тәреплеме тәрбия бериў нызамлылықларын уйренеди ҳәм бақша шараятында тәлим-тәрбия исин шөлкемлестириўдиң мазмуны, методы ҳәм формаларын ислеп шығады. Ол мектепке шекемги тәрбия жасындағы балалар мекемелери, шаңарақ ҳәм мектеп исиндеги изчилликти тәмийинлейди ҳәмде балаларды мектеп тәлимине таярлайды.

Бала өмириндеги бөбеклик жас ең зәрур дәўир болып, усы дәўирде баланың физикалық, әдеп-икрамлық, ақлый, мийнет, эстетикалық раўажланыўға тийкар салынады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы бөбеклик жас ҳәм мектепке шекемги жастағы балалардың өзине сай өзгешеликлерин итибарға алған ҳалда улыўма педагогика принциплерине тийкарланып ис көреди.

Бул педагогика өзиниң инсангершилиги, баланың куш ҳәм имканиятларына, оның ҳәр тәреплеме раўажланыўына, келешеги парлақ болыўы менен ажралып турады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы мектепке шекемгши тәрбия жасындағы балалардың жас ҳәм өзине сай өзгешеликлерин итибарға алған ҳалда олардың ҳәр тәреплеме раўажланыўын тәмийинлеўге қаратылған шарт-шараятларды ислеп шығады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы педагогика пәниниң улыўма системасында оның ажралмас бөлими болып қәлиплести. Мектепке шекемги тәрбия педагогикасының теориясы ҳәм әмелияты мектепке шекемги тәрбия жасындағы балаларға ҳәр тәреплеме тәрбия бериўдиң мақсети, баланың жас имканиятлары ҳәм оны ерте жастан баслап тәрбиялаўдың роли, мектепке шекемги тәрбияны өмир менен байланыслы алып барыўдың зәрурлиги, бала шахсының қәлиплесиўинде жәмийетлик орталықтың шешиўши әҳмийетине тийкарланады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы жәмийетимизде баланы тәрбиялаў нызамлылықлары ҳаққындағы пән болып, ерте жаслы ҳәм бақша жасындағы балалардың физикалық, ақлый тәрбиясы ҳәм оларға тәлим бериў мәселелерин ислеп шығады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы жәмийетлик тәрбия тәжирийбесин тереңирек уйренеди. Бул болса мектепке шекемги тәрбия мекемелери ислерин ҳәр ўақытта қәлиплестирип барыўға жәрдем береди. Педагогика пәни тәрбияны педагогикалық

қубылыс сыпатында уйренеди ҳәм бир қатар тусиниклерди өз ишине алады. Педагогикада тәрбия, тәлим, мағлыўмат тийкарғы тусиниклер есапланады.

Тәрбия педагогикалық қубылыс болып, жас әўладқа илимий билимлер системасы, уқыплылық ҳәм көнликпелерди арнаўла метод ҳәм кураллар арқалы режели турде сиңдирип барыў ҳәм буның нәтийжесинде ҳәр тәреплеме қәлиплескен инсанды тәрбиялаў мақсет қылып қояды.

Мағлыўмат- тийкарғы педагогикалық тусиник болып, ол жәмийетлик өмир ўақыяларын объектив сәўлелендиреди. Бул процесс инсан тәрепинен тәбият, жәмийет ҳәм инсан ойлаўы ҳаққындағы улыўмаластырылған жәмийетлик зәрур билим, уқыплылық, көнликпелер системасының ийелеп алыныўы нәтийжеси. Мағлыўмат инсанды билиўге болған талабын тәмийинлеп, ондағы қәбилетлерди белгили дәрежеде көтереди ҳәм әмелий искерликке таярлайды.

Маәлыўмат тәлимниң нәтийжеси болып, ол инсан тәрепинен билим, уқыплылық, көнликпелерди өз бетинше ийелеў, өз билим дәрежесин қәлиплестириў.

Тәлим- жәмийетлик зәрур билимлер, белгили көнликпе ҳәм уқыплылықларды оқыўшыларға сиңдириў, олардың санасына ҳәм минез -қулқына тәсир етиў, дунья қарасын ҳәм билиў искерлигин раўажландырыў. Ол инсанды мийнетке, өмирге таярлаўдың тийкарғы куралы есапланады.

Тәлим бериў процессинде тәрбия ҳәм мағлыўматтың мақсети әмелге асырылады. Тәлим еки тәреплеме процесс-оқытыў ҳәм оқыўды өз ишине алады.

Оқытыў - педагогикалық искерлик болып, ол билим, уқыплылық, көнликпелерди балаларга сиңдириў, олардың билиў ҳәм әмелий хызметине басшылық қылыў.

Бала шахсты раўажландырыў шахсты инсанiят тәрепинен топланған ҳәмме байлықларын ҳәзирги замандағы пән-техника раўажланыўы ҳәм мәдений дәрежесинде ийелеп алыўы, ҳәр тәреплеме раўажланған баркамал шахстытың инсаний сыпатларын тәрбиялаўды нәзерде тутады. Тәрбия педагогтың искерлиги процессинде ҳәм балалардың бир-бирлерине тәсир етиўлеринде әмелге асады. Жәмийетте ҳәр бир инсан өзиниң еркин раўажланыўы ушын ҳәмме имканиятлардан пайдаланып өз-өзин раўажландырып барыўы зәрур.

Өз-өзин тәрбиялаў- бул шахмтың өзин, шахс сыпатларын қәлиплестириў, заман талабына жуўап беретуғын дәрежеге саналы турде умтылыў. Өз-өзин тәрбиялаў жақсы тәрбия нәтийжесинде жузеге келиб, шахстың өз-өзин камалга жеткизиўге алып келеди.

Педагогикада ҒдузетиўҒ деген тусиник ҳәм бар. Бул базы бир унамсыз сыпатлардан азат болыў. Ол әдетте өз-өзин тәрбиялаў процессине киреди. Қайта тәрбиялаў-инсандағы унамсыз сыпатларды жоқ етип, тәрбия нәтийжесинде унамлы сыпатларды қәлиплестириў.

3. Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы кең илимий системаның юир бөлими сыпатында жәмийет ҳәм инсанды уйрениўши пәнлер менен байланыслы. Педагогика жәмийетлик кублыс сыпатында тәрбияны уйренер екен, философия менен байланыслы, себеби философия тәрбияның мақсет ҳәм ўазыйпаларын уйрениў методологиясын белгилейди. Жәмийет ҳаққындағы материалистлик философия тәрбия мәселесине илимий тийкарланған ҳалда жантасыў имканниятын береди. Тарийхый материализм педагогикага тәрбияның классльқ негизин ашып бериў, оның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы жәмийетлик кублыс екенлиги, жәмийет турмысында ҳәм инсаншахсының раўажланыўында тәрбияның ролин баҳалаўға жәрдем береди. Дидактикалық мәселелерди ислеп шығыўда педагогика билиў теориясына суйенеди, әдеп-икрамлық теория мәселелерин уйрениўде педагогика этиканың әдеп-икрам ҳаққындағы тәлийматына, эстетик тәрбия мақсетин, жолларын, методларын белгилеўде этика пәнинен тийкарланады. Этика әдеп-икрамды теориялық тәрептен тийкарлап, жас әўладты, оның әдеп-икрамлық тәрбиясы проблемаларын, инсан шахсының қәлиплесиўинде әдеп-икрамлық идеялар ролин тусиниўди тереңлестиреди.

Эстетика инсанның ўақыяға, санъатқа эстетикалық катнаслары раўажланыўының улыўма нызымлылықларын уйренеди,эстетик тәрбияның илимий тийкары болып хызмет қылады.

Педагогика басқа пәнлерден биология, психология, жас психологиясы менен ҳәр қыйлы катнаслар орнатады.

Педагогика инсанды биологиялық эволюция предмети сыпатында уйрениўши физиология менен тығыз байланыслы.

Физиология педагогиканың тәбиий-илимий базасы болып, ол биринши нәўбетте инсан жоқары нерв искерлигиниң раўажланыўы, нерв системасының типологиялық өзгешеликлери, сезги органлары, таянш ҳәрекет аппараты, журек-тамыр ҳәм дем алыў системалары, ишкисекреция безлери ҳ.т.б. раўажланыўы ҳаққында мағлыўматларға таянады. Педагогика усы мағлыўматлар негизинде тәлим-тәрбия процессиниң нәтийжелилигин асырыў мәселелерин жетискенлик пенен шеше алады, психикалық ўақыялар ҳәм процесслердиң айырым нызамлылықларын тереңирек уйрениў имканиятына ийе болады. Ҳәзирги заман физиологиясы ең зәрур педагогикалық проблеммаларды дурыс шешиўде баланың раўажланыўына, оның қәбилетлериниң қәлиплесиўине орталық, нәсиллик ҳәм тәрбияның тәсири ҳәм усы сыяқлыларды белгилеўде педагогикага жәрдем береди.

Осип баратырған организм дузилисиниң ҳәм ҳәрекет қылыў нызамлылықларының тийкарғы принциплерин ашып бериўши жас физиология тәлим ҳәм тәрбия бериў мәселелерин ислеп шығыў ушын айнықса улкен әҳмийетке ийе. Бул өзгешеликлерди билмей турып, тәрбияланыўшылардың жасына сай тәрбия куралларын ҳәм методларын, ол ямаса бул шынығыўларды ямаси тәрбиялық тәдбирлерди өткизиўдиң шөлкемлестириўшилик формаларын дурыс белгилеп болмайды. Физиологияның жоқары нерв искерлиги, нерв системасының типологик өзгешеликлери ҳаққындағы жуўмақларға педагогикага оқыў-тәрбия процесси методикасын ислеп шығыўда, балалар искерлиги ушын жақсырак шарт-шараят жаратыўға жәрдем береди.

Улыўма психологияны инсанның раўажланыўы, тәрбияланыўы ҳәм дөгерек-әтирап пенен өз-ара қатнаслары процессинде қәлиплесетуғын сезимлерди уйренеди. Ол педагогиканы өсип баратырған инсан шазсын турли сезим ҳәм өзгешеликлери қәлиплесиўиниң ишки процесслери қандай кешиўи шәрт-шараятлары ҳәм механизмлерин уйрениў менен куралланзтырады. Педагогика олардан пайдаланып, тәрбияның мазмуны ҳәм методларын ислеп шығады.

Жас психология педагогикага турли жастағы балалардың билиў имканиятлары,ол ямаса бул тәрбиялық тәсирди олар қандай қабыл қылыўын аықлаўда жәрдем береди.

Педагогика физикалық раўажланыў мәселесин, бала организминиң ис қәбилетлерин асырыў, оның искерлигин нормалластырыў мәселелерин уйрениўде улыўма ҳәм социал гигиена, мийнет гигиенасы, мектеп гигиенасы, педиатрия ҳәм басқа пәнлердиң ерискен жетискенликлери жуўмақларынан пайдаланады.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы улыўма педагогика менен ҳәм байланыслы, себеби улыўма педагогика тәрбияның улыўма нызамлылықлары, жәмийетте жас әўладты ҳәр тәреплеме тәрбиялаў ҳәмде тәлимниң негизи ҳәм нызамлылықларын уйренетуғын пән.

Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы айырым жеке методика (ана тили, тәбияттаныў методикасы, физикалық тәрбия методикасы, суўретлеў методикасы ҳ т.б.) пәнлери менен ҳәм байланыслы, себеби тәрбияның тийкарғы мақсет ҳәм ўазыйпалары балаларға тәлим бериў процессинде әмелге асырылады.

Сондай қылып, басқа пәнлердиң жуўмақлары педагогикалық теория ҳәм усынысларды ислеп шығыў ушын зәрур.

4. Илимий изертлеў иси тәлим-тәрбия исиниң нәтийжелигин асырыў менен байланыслы ҳәлда жузеге келген ўазыйпаларды, ҳалық билимлендириўиниң ҳәмме буўынларындағы оқыў-тәрбия ислерин келешекте жәнеде жақсылаў жолларын табыў ушын әмелге асырылады.

Илимий изертлеў жумысларында алымлар, педагогика ҳәм психология пәниниң ўәкиллери, мектеп оқытыўшылары, балалар бақшаларының тәрбияшылары ҳәм сондай ақ тәрбия бериўдиң әмелияты менен байланыслы болған инсанлар қатнасады. Педагогикалық ўақыяларды нызамлылықларын ашып бериў ҳәр қыйлы жоллар менен әмелге әмелге асырылыўы мумкин.

Изертлеўдиң эмпирик дәрежесинде ҳәр қыйлы фактик материаллар жыйналады, олар толық жазып барылады, ўақыялар ортасындағы толық объектив байланыслар анықланады, изертленип атрыған ўақыя ҳәр тәреплеме үйрениледи. Илимий изертлеў исиниң эмпирик дәрежеде алып барылыўы толық мәнистеги илимий излениў болып, ол педагогиканың тийкарғы мазмунын шөлкемлестиреди.

Изертлеўдиң теориялық дәрежеси үйренилип атрыған ўақыяның негизин анықлаўда бағдарланған арнаўлы систематастырыў ҳәм анализлеў усылы. Педагогика илимий излениўдиң теориялық дәрежесине көтерилгенде тәрбия, тәлим ҳәм билимлендириўдиң принципиал жаңа мәселелерин шешиў имканиятына ийе болады.

Илимий изертлеўдиң ҳәр бир дәрежеси өзине муўапық келетуғын метод, курал, шараятларды талап етеди. Ҳәр қандай дәрежедеги изертлеўди қоллаўда оны дурыс планластыра алыў ҳәм шөлкемлестирип билиў зәрур орын ийелейди. Педагогикалық изертлеў бир қанша басқышлардан шөлкемлестириледи.

I басқыш. Изертленетуғын мәселени, ондан куткен мақсетти анықлап алыў ҳәм усы тийкарда мәселениң тарийхы ҳәм теориясын үйрениў. Педагогикалық тәжирийбени үйрениў арқалы гипотеза - илимий гипотеза дузиледи ҳәм изертлеўдиң ўазыйпасы белгиленип алынады.

Гипотеза - бул илимий болжаҳ юолып, ҳәр бир басқышта истиң илимий излениўге бағдарланганлығын анықлаўға жәрдем береди. Ол илимий излениў процессинде ҳәм одан кутилген жуўмақларды алдыңдан көре билиў. илимИй излениўден алынған нәтийжелер көзленген мақсетлерге, жуўмақларға сәйкеслиги илимий дәрежениң жақсылығыдан дерек береди.

II басқыш. Илимий

Метод- тәртипке келтирилген искерликке, мақсетке ерисиў усылы. Илимий изертлеў методын тәлим методынан парқ қыла билиў керек.

Илимий изертлеў жумысын алып барыўда қолланылатуғын, педагогика пәниниң раўажланыўын тәмийинлейтуғын илимий изертлеў методларына төмендегилер киреди.

Ҳәр қандаә педагогикалық проблеманы изертлеў әдебиятларды үйрениўден басланады. Әдебиятларды үйрениўде улыўма илимий методлардан – библиография дузиў, аннотация, реферат жазыў, конспект алыў, цытата ҳәм сенелерди жазып алыў усылларынан пайдаланылады.

Әдебиятлардан пайдаланыў исиниң мақсетине байланыслы базы бир китаплар дыққат пенен үйрениледи, базыла оқып шығылады, ушиншилери қарап шығылады.

Педагогиканықң жудә көп проблемаларын шешиўде оқыў-тәрбиялық процесс үйрениледи, теориялық тәрептен анализленеди ҳәм ислеп атырған исшилердиң унамлы пикирлери қайтадан ислеп шығылады, яғный алдыңғы тәжирийбелер улыўмаластырылады ҳәм тарқатылады.

Буның ушын төмендеги методлардан пайдаланылады, бақлаў, гурриңлесиў, анкета жолы менен сораў, мектепке шекемги тәрбия жасындағы баллардың ислерин, педагогикалық хужжетлерин үйрениў ҳ.т.б.

Бақлаў методы - белгили бир педагогикалық кубылысты бир мақсетти көзлеп барлық ўақыт үйрениў, тәлим-тәрбия процессиниң турли шараятларда оның раўажланыўы ҳәм өзгерисин бақлап барыў. Бақлаўдан көзленген мақсет фактлерди топлаў, оның зәрур тәреплерин ажратып барыў.

Изертлеўши бақлаўға алдандан пухта таярланыўы, бақлаўдан көзде тутылған мақсетти анықлаў, бақлаў жобасын дузип шығыў, нәтийжелерди жазып барыў ҳәм

расмийлестириў куралларын (протокол, кунделик жазып ьарыў, суўретке алыў ҳ.т.б.) ойлап қойыў керек.

Гурриңлесиў методы. Гурриңлесиў анықланыўы керек болған мәселелерди айдынластырып алыў мақсетинде,алдыннан дузилген жоба бойынша өткизиледи. Гуриң жеке тәртипте ҳәмде жәмәәт формасында болыўы мумкин. Гурриңлесиў балалар турмысының ол ямаса бул ўақыялар ҳаққындағы қызығыўшылықларын, пикирлерин ҳәм додалаўларын анықлап алыўға жәрдем береди. Гурриңлесиў балалар менен ҳәм, улкен жастағы инсанлар менен ҳәм өткизиледи.

Гуриңлесиўден метод сыпатында пайдаланыўда оның мақсет ҳәм жобасын анық белгилеп алыў керек. Гурриңлесиўдиң барыўы толық жазып алынады. Буның ушын гурриң изертленип атрыған инсанға билдирмей,  магнит лентасына жазып алыныўы лазым.

Анкета жолы менен сораў методының басқа методлардан абзаллығы сонда, қысқа ўақыт ишинде анкета арқалы көп инсанларға сораўлар берип, олардан жазба жуўаплар алыўы мумкин. Алынған жуўаплар кейин ислеп шығылады ҳәм анализленеди.

Ҳужжетлер ҳәм балалар ислерин уйрениў методы. Педагогикалық ҳужжетлерди уйрений арқалы  изертлеўши уйренилип атырған объект ҳаққындағы ҳәр қыйлы мағлыўматларды билип алады. Буған мектепке шекемги тәрбия мекемелери баслықлары, тәрбияшыларының жобалары ҳәм есаьатлары, балалар бақшасы тәрбияланыўшылардың суўретлери, ылай ҳәм пласталиннен жасалған затлар ҳәм усы сыяқлылар киреди.

Мәселен, балалардың анша алдын сызган суўретлерин қарап шығыў, анализлеў, балаларға берилген тапсырмалардың қай дәрежеде беккемлесип барғанын, оларда суўретлеў искерлиги қандай раўажланып барғанлығын анықлаўға ҳәмде олар менен алып барылатуғын кейинги ислерди белгилеўге жәрдем береди. Мәселени тереңирек уйрениў ушын педагогикалық экспериментten  пайдаланылады. Педагогикалық эксперимент - тәлим процессине жаңа нәтийжели педагогикалық жаңалық киргизиў. Бул экспериментти өткизиўдеоқыў процессин бузбаў керек. Киргизилген жаңалық оқыў тәрбия исн жақсылаўға жәрдем берсе, ол унамлы жаңалық болады. Базы бир тәжирийбелерди өткизиў ушын арнаўлы шарт-шараятлар жаратылады, арнаўлы хана ажратылады, базы бирде арнаўлы аппарат қолланылады, бир-еки баланы айрықша ажратып алынады, бул лаборатория эксперимент есапланады.

Тәжирийбени уйрениў ҳәм улыўмаластырыў методы. Педагогкалық тәжирийбе тусиниги көп тәреплеме. Педагогикалық тәжирийбениң кең мәниси тәлим тәрбия әмелияты, яғныә мектепке шекемги тәрбия мекемелеринде алып барылатуғын тәлим-тәрбия ислери қай дәрежеде әмелге асырылып атырганын уйрениў.

Педагогиканың көпшилик проблемаларын шешиў ушын реал пайда болған тәлим-тәрбия процессин уйрениў, әмелий исшилердиң дөретиўшилик қәбилетлерин теориялық тийкарда қабыл етиў ҳәм қайта ислеп шығыў, яғный алдынғы тәжирийбени улыўмаластырыў ҳәм жайыў улкен әҳмийетке ийе.

Алынған фактик материаллар нәтийжелерин схема, диаграмма, графикада сәўлелендириўши математикалық метод ҳәм қолланылады.

Педагогикалық изертлеўлер алып барыўдың тийкарғы методларын билиў дөретиўшилик пенен ислейтуғын ҳәр бир тәрбияшыға оны қызықтырыўшы тараўда ғәрезсиз илимий излениў алып барыўда, басқалардың тәжирийбесин уйрениў ҳәм баҳалаўда жәрдем береди.

Таяныш тусиниклер педагогика, тәрбия, раўажланыў, мағлыўмат, оқытыў, өз-өзин тәрбиялаў, метод.

Сораўлар.

1. Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы не ҳаққындағы пән.
2. Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы қайсы пәнлер менен байланыслы.

3. Педагогиканың тикарғы қандай тусиниклери бар.

4. Педагогика фанининг илмий-тадқиқот методлари қандай.

Пайдаланған әдебиятлар.

1. Үзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.Үзбекистон 2003 й.

2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик үз куч-қудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд .Т. Үзбекистон 2004.

3. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т. 2005.

4. Каримов И.А. Үзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т,Үзбекистон 2005.

5. Каримов И.А. Үзбекистон демократик тараққиетнинг янги босқичида Т.Үзбекистон 2005.

6. ҒТәлим түғрисидагиҒ Қонун. Т.- 1997.

7. ҒКадрлар таййорлаш миллий дастури Ғ Т.- 1997.

8.И.Каримов. Баркамол авлод орзуси.-Т. 1998.

9. П.Юсупова Мактабгача тарбия педагогикаси.- Т. 1993.

10. Үқувчи мәнавиятини шакллантириш Т. 1999.

11. С.А.Козлова,Т.А.Куликова Дошколная педагогика -М. 2000.

Тема 9. Қарақалпақстанда мектепке шекемги тәрбия ҳәм тәлимниң жаңаша дәстури ҳәм бағдарлары.

Жобасы

1. Комил инсон тәрбиясы.
2. Тәлим ҳәм тәрбия дәстурлерин жаңалаў мәселелери.
3. Мектепке шекемги тәрбия мекемелери ислерин жаңалаў ис иләжлары.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлик болыўы менен миллий сана, миллий рух, миллий мәдениятты, мәдений қадриятларымызды уйрениў ҳәм тиклеў ушын кең имканиятлар жаратылды.

Өтмиште путкил жәҳәнге белгили болған уламаларымыздың ҒҚураны каримҒниң Муҳаммед Пайғамбарымыздың ҒҲадислериҒ, Аҳмед Яссаўийдиң ҳикметлери, бир топар алымларымыздың дузген китаплары шығармалары баспадан шыға баслады.

Совет ҳукимети дәўиринде мәмлекетимизде дүнья илиминиң раўажланыўына салмақлы улес қоскан өзбек улама алымларымыздың мийнетлерин емес, ал керисинше бизиң халыққа ҳасла байланысы жоқ алымлардың мийнетлери уйретилди.

Өзимиздиң сөз усталарымыз Аҳмед Югнакий, Алишер Наўайы, Абу Али Ибн Сино, Хожа Ахмед Яссаўий усаған бабаларымыздың мийнетлери шеклеп қойылады.

Мусылман дүньясының теберик китабы болған ҒҚуранҒ китабы жоқ етилди. Муҳаммед Алайхиссалам ҒҲадислериҒ китабы қудаланып жоқ етилди. Негизинде ҳәдислердиң тәрбияға кери тәсири жоқ еди.

Ҳадислер ҳәмме ўақыт турылықты, ҳақыйқатлықты, меҳир-муҳаббатты, инсанийлықты, бир-бириўди ҳурметлеўди, әдеп-икрамлықты сөз етеди. Ата-бабаларымыз араб алфавиты тийкарында жазып қалдырған философиялық медициналық, астрономиялық ҳ.т.б. конкрет илимлерге тийисли болған қол жазбалар ҳәм китаплар жоқ қылынған. Бул китаплардың айыбы тек ғана араб әлипбесинде жазылғанлығы болып есапланады. Бул жағдай бизиң ҳалқымыздың өз мәденияты ҳәм педагогикалық илимлерин раўажланыўына кери тәсир етти.

Мине усылар совет ҳукиметиниң билимлендириў тараўындағы ең баслы кемшиликлеринен болып есапланады.

Совет ҳукимети дәўиринде өзимиздиң өзбек алымларымыз А.Наўайи, А.Югнакий, Абу Али Ибн Сино, Аль Хорезмий, Аль Беруний, Хожа Аҳмед Яссаўий, қарақалпақ алымларымыз Әжинияз, Бердақ, Кунхожа творчествосы кейинги планга қалдырылды.

Мәмлекетимизде оның орнына Россия тарийхын уйренетуғын еди. Азатлық ушын гуресте өзлериниң улеслерин қоскан Әмир Темур Ерназар Алакозлер орнына Александр Невскийдиң ерликлери уйретилди. 1920 жыллардан кейин Туркистанда ҒЖадитизмҒ ҳәрекетлерин ағзаларын аяўсыз жоқ етти. Бул ҳәрекетлердиң ўәкиллери негизинде жаңаша ойлаў, жаңа заман курыў тәрептарлары еди. Осман Наср, С.Мажитов ҳ.т.б. усы ағым ўәкиллери еди.

Туркистан ҳалықлары 1917 жылға шекем саўатсыз еди. Негизинде Қарақалпақстандада жазыў оқыўды тек ғана 2 % халық билер еди деп көрсетеди. 1917 жылға шекемги ҳалқымыз көп болған, илим, мәденият, сиясаттың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы Европадан тарқалған. Билим сырлары сол жақтан келген.

Улыўма айтқанда совет ҳукимети дәўиринде дүнья илиминиң раўажланыўында өзбек улыўма алымларымыздың мийнетлерин уйренбей, рус алымлары мийнетлери көбирек уйретилген. Ал қарақалпақ алымларының творчествосы кейинги планда турды. Мине булар баслы кемшиликлер болып есапланды.

Республикамыз ғәрезсизликке ерисиўи нәтийжесинде өзбек педагогикасы тарийхында узақ дәўир қадаған етилген, итибардан шетте қалған мәдений мийрасқа қызыўғыў кушейди. Олардағы алдыңғы пикирлер тәлим-тәрбия процессине еңгизиле басланды. Жаңа мазмундағы сабақлықлар, методикалық қолланбалар жаратыўда миллий-мәдений, тарийхый әдебиятлардан, улке метериалларынан кең пайдаланылмақта.

1992 жыл 8 декабрь куни Он екинши шақырық Өзбекстьан Жоқарғы Кеңесиниң он биринши сессиясында Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл қылынды.

Мектеп тәлимин пән-техниканың заманагөй раўажланыўга сәйкеслендириўге муўапық, миллий мектепти шөлкемлестириў ҳәзирги кундеги жудә беккем, мазмуны терең болған мәселе.

Жасларды дәстурлер тийкарында табият, жәмийет, руўҳият, дәстурлерге муҳаббат, қызығыў ҳәм ықласын тәрбияламай миллийликти қәлиплестирип болмайды. Бул болса жаңа сабақ, сабақлықлар, сабақтан тысқары тәдбирлер дәрежеси, оқытыўшы билими, шеберлиги, абыройы мәселеси менен байланыслы. Булсыз миллий мектеп болмайды.

Миллий мектеп шөлкемлестириў ушын ең дәслеп педагогикалық кадрлар мәселесин шешиў, оқыў планы, дәстурлер, сабақлықларды қайта көрип шығыў, дузетиў ҳәм миллийлестириў процессинде жетилистириў зәрур.

Миллий мектеп болыў ушын оған миллий руўҳ симңдирилиў керек. Бул нәрсе мектептеги тәрбиялық тәдбирлер анық ҳәм тәбиий пәнлер, ҳәтте шет тиллер ҳәм миллий зәминге тийкарланып уйретилгенде ғана пайда болады.

Мақсет жас әўладты баркамал инсан қылып тәрбиялаў екен, бул үазыйпаны орынлаўда диний мекемелерди ҳәм тартыў керек. Миллий мектепте Ат-Термизий, Имом Бухарий, Аҳмед Яссаўий, Сулайман Боқирганий, Накшбанд сықлы алламалар тәлийматын, Шығыстын уллы данышпанлары Ал-Хоразмий, Ал-Фаргоний, Абу Наср Форобий, Абу Абдуллоҳ Рудакий, Абу Райҳон Беруний, Абу Али ибн Сино, Абу Наср ибн Ироқ, атақлы тарийхшы Ибн Мискавайх, Абдулқосим Фирдавсий, Абу Мансур ас-Саолибий, Ал-Киндий, Ал-Розий, Юсуф Хос Ҳожиб, Ибн Ҳаммор, Замахшарий, Маҳмуд Қашғарий, Кайкавус, Умар Ҳайям, Амир Темур, Улуғбек, Бобур, Наўайы хызметлерин, мийрасын уйрениў мақсетке муўапық. Сонда ғана бизлер Ўатанымыз тарийхы, оның мәдений мийрасы бай екенлигин, жаҳән пәни мәдениятын раўажландырыўда Шығыс алымлардың хызмети улкен екенлигин, миллий урип-әдетлеримиздиң кеңлигин, тәрбиямыздағы миллий гурур ҳадаллыққа, меҳирге, әдеп-икрамлылыққа, инсаный пазыйлетлерге шексиз муҳаббат, мийнетсуўгишлик сезимлер менен байытыўга ерисемиз.

Халықтың миллийлиги, миллий руҳи ҳәм миллий гурурын тиклеў ушын хылықтың қәдимден қәлиплескен урип-әдетлери, тарийхы, карым-қатнаслары, мәденияты, әдеп-

икрамлық карасларын уйрениў, жас әўладқа сиңдириў керек. Руўҳый мийрас, инсан қәдри, булардың ҳәммеси оқыў менен, тәлим-тәрбияменен байланыслы екен, барлық сабақлықларда, қолланбаларда, бәдиий шығармаларды имкан дәрежесинде оған итибар бериў керек.

Миллий мектепти жаратыў ҳәзирги тәлим мазмуны ҳәм оқыў-оқытыў процесслеринде көп кемшиликлерди дузетиў керек. Буның ушын төмендеги принциплер ҳәм бағларларды өмирге сиңдириў мақсетке муўапық.

-Ҳәр бир пән оқытыўшысы өз тараўы бойынша мәдений ҳәм тарийхый мийрасты терең билиўге итибарды кушейтиў, қайта тайярлаў курсларында олардың укыплылығын асырыў.

-Биринши класстан баслап миллий зәмийн, халық турмысы тәрзи менен байланыспаған материалларды сабақлықтан шығарып таслаў, олар орнына халық педагогикасы, тарийхый ҳықоятлардан киргизиў,

-баслаўыш класслардан баслап, ана тили менен бир қатарда шет (араб, парсы, англичан, немис ҳәм басқа) тиллерин оқытыў,

-метепте миллий кәсип-өнерди уйрететуғын дөгереклер, бирлеспелер шөлкемлестириў,

-мектепте барлық ушын тәлимдиң уш басқышы қоллаў, бийҳуда пул сарплаўға жол қоймаў, оқыў нийети болмаған яки пән тийкарлары өзлестириўге қыйналғанлар баслаўыш мағлыўмат пенен шекленген ҳалда, оларды кәсип-өнерге уйретиў мәселесин шешиў,

-талантлы оқыўщылардан ибарат класслар шөлкемлестириў,

-Билимлендириў ҳаққында нызамда көрсетилген тәлим дизими сақланған ҳалда, мәжбурий IX жыллық тәлимди әмелге асырыў ҳәм усы мәжбурий тәлим тийкарында миллий мектеп базасын кушейтириў

-ҳәр бир мектепте ҒМийрас музейинҒ шөлкемлестириў. Усы музейде илим-пән, санъат, өтмиш тарийх ҳаққында материалларды жайластырыў.

-ҳәр бир қласста ҒМәдений ҳәм тарийхый мийрасларымызды уйренемизҒ темасы астында қызықлы муйеш шөлкемлестириў,

-ҳәр бир мектеп имаратын, залын миллий, мәдений ҳәм тарийхый мийрасты сәўлелендириўши көрсетпели материаллар менен безеў,

-класстан тысқары өткизилген тәрбиялық тадбирлерде миллий урип-әдет, дәстурлерге итибарды кушейтиў,

-ҒХалық педагогикасыҒ факультатив курсын еңгизиў.

Ҳәр бир инсан балалықтан өз халқын, миллетиниң дәстурлерин, тил байлықларын, оның тарийхын, аўыз-еки ҳәм жазба әдебиятын ҳәмде санъатын, урип-әдетлерин, алдыңғы дәстурлерин, руўҳый мәдений мийрасын уйренсе ғана, усы халық ҳәм миллетке сәйкес болады. Усы себепли шаңарақ, бала бақшалары 9әм баслаўыш класслардан баслап мектепти питкеремен дегенше балаларға халықтың миллий гуруры, миллий карaслары, ерки ҳәмде дәстурлерин сиңдире алмасақ, бул барада көзленген мақсетке ерисе алмаймыз. Перзентлеримиздиң баркамаллығы ҳәм жоқары әдеплилигине ерисиў ушын миллий тәлим-тәрбияга тийкарланған мектептиң болыўы мақсетке муўапық.

## Таянш тусиниклер.

Илимий педагогика, Билимлендириў ҳаққында нызам, миллий мектеп , халық педагогикасы, баркамал әўлад, камил инсан, миллий ғәрезсизлик идеясы, миллий руҳ.

## Тексериў сораўлары

1. Өзбекстанда 20 жыллардың басларында илимий педагогика қандай раўажланған.
2. Өзбекстан Республикасының гәрезсизлиги.
3. Өзбекстан Республикасында билимлендириў ҳаққында нызамы қашан кабыл етилди.

## Әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси Т.-Ўзбекистон 2003 й.
2. Ўзбекистоннинг дадил қадамлари Т. 2005.
3. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб хисоблашар эди. Т.Ўзбекистон 2005.
4. Каримов.И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-кудратимиз, хамжихатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлик. 1-2 жилд. Т. Ўзбекистон 2004 й.